

Ijambo rya buri munsu
Ijambo ry'ubuvugishwa ry'Umunsu

IGICE CA 2

Ndamuk-Gitug-Ruhe

2026

Inkuru Nziza

Imisi Yose

KUBUNTU

Kugurishwa Ntivyemewe

Iyi inkuru natwe ya buri munsu yamaze
kurikwa n'ibabafatanyabikoreye baze
nara bashobora gukomeza ku buntu

Nk'uko amaze amaze umuntu anyotewe cane, Ni ko n'inkuru nziza zimera, zivuye mugihugu ca kure (Imigani 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



IGICE CA 2 | 2026

NDAMUK - GITUG - RUHE

PERSONAL INFORMATION

Izina:

iTerefone:

INTUMBERO MURAYA MEZI ANE YAMBERE Y'UMWAKA:

HOW TO USE THIS DEVOTIONAL FOR MAXIUM IMPACT

Inkuru Nziza ya Misi yose iriho kugora igufashe gukura biciye mw'Ijambo ry'Imana kumusi kumusi. Yisome buke buke kandi uyiuyumvireko

Senga isengesho ry'umusi kandi watura ukwatura kw'ubuvugishwa ushizemwo ukwizera, wizigira ko Imana izokora mubuzima bwawe.

Kurikiza igice cogusoma bibliya mumisi 365 kandi usome igice co kunonosora inyigisho kugira ukomeze ugutahura kw'Ijambo ry'Imana kandi ubigire akamenyero gutambukana nawe.

Uko uzogenda urakoresha igi gitabo kumusi kumusi, itege ko Ijambo ry'Imana rizokuyobora, rizogukomeza, kandi rizogushikana ku ntsinzi

Ryoherwa m'umwanya umarana n'Imana kumusi kumusi biciye muriyi Inkuru Nzizay a Misi yose, Imana iguhezagire.

Umuwugugishwa Uebert Angel



IVYEREKEYE IGITABO C'INKURU NZIZA YA BURI MUSI

Igitabu c'Inkuru Nziza Ya Buri Muni ni Ijambo ryawe ry'Ubuwugishwa ku musi ku musi kandi ni igitabu rukristo cubahwa, canditswe kugira ngo gitange ubumenyi mu vy'impwemu kuri buri musi wose w' umwaka. Gitanga ubumenyi bwimbitse, amahishurirwa akomeye, n'ukwatura k'ubuvugishwa vya minsi yose agenewe kurongora abasomyi mu buzima bushingiye kuri Kristo, bushingiye ku nyigisho zihindura n'amahishurirwa atangwa n'Umuwugishwa n'Imana Uebert Angel. Ico gitabu gisohoka buri mezi atatu, citandukanije n' ibindi kubera gishika kw'isi yose, gitangwa ku buntu kandi mu ndimi nyinshi zitandukanye kugira ngo gitsinde intambamyi z'indimi kandi kugira ngo ubutumwa buhindura ubuzima bushikire umuntu wese, aho ari ho hose kw'isi yose. Kigizwe n'imigwi itatu, igitabo c'abakuze, imiyabaga, hamwe n'abana bato kigatanga Ijambo ry'ubuvugishwa k'urunganwe, kigakomeza imiryango gukurira hamwe mu kwizera hamwe n'ihishurirwa.

UEBERT NA BEBE ANGEL

Kubera ko Uebert na BeBe Angel bafise uburambe hamwe n' ubumenyi bwinshi mu gikorwa c'Imana, baracitse amajwi azwi cane mu gukwiragiza Inkuru Nziza y'ubuntu bw'Imana (Euangelion) no guteza imbere ibango ry'ubuvugishwa kw'isi yose. Kubera ko ari abanditsi b'ibitabu bikomeye cane nk'ivyo bita "Intambara yo mu vy'impwemu", "Ibanki z'amasengesho", "Ubushobozi burengeye bw'uwigera", "Ubuzima burongowe n'ubuntu", hamwe n'igitabo c'Inkuru Nziza ya Buri musi", baragize intererano zihambaye mu bitabu vy'abakristo. Uebert na BeBe Angel bazwi cane kubera umuhamagaro wabo, ubuhinga bushasha bwabo n'uburongozi bufise inguvu bwabo, ni abavugabutumwa baronderwa cane. Nk'imboneza zo kw'isi yose mu vy'ubuvugishwa bakaba n'abatanguye Ishengero ry'Inkuru Nziza canke The Good News Church mucongerez, Ambassade ya Mpwemu (Spirit Embassy), kandi bafise ibango ry'ubuvugishwa, baragize ico bakoze cane ku buzima bw'abantu amamiliyoni kw'isi yose, biciye m'umutima wabo wo gukwiragiza ihishurirwa ry'Inkuru Nziza n'ububasha mpindurabuzima bw'ubuntu bw'Imana (Euangelion).





KUGABAGURA IJAMBO

2 Timoteyo 2:15

Wame ugira umwete wo kwiha Imana nk'uwamaze Kurama, umukozi atarinda guteterwa, aramiriza neza mw'ijambo ry'ukuri

Benshi barasubiramwo icanditswe c'uyu musi mu gihe bitwararika umuce umwe gusa w'insobanuro yaco. Ntikigaragaza gusa akamaro ko kuba umunyeshure w'Ijambo afise ubushobozi, ariko kandi kirahishura uburyo busabwa kugira ngo umuntu aryige. Nka kurya nyene ko kugabura mu biharuro ugabura imibare mu bice bingana, iri tegeko ryo "kugabura neza ijambo ry'ukuri" ryerekana ko bikenewe gutanga umwanya n'inkomezi zingana ku bijanye n'igice cose c'ivyanditswe.

Yaba ivy'amahera, ivy'ubugeni, ivy'imibano canke n'ibindi, ivyanditswe vyose ni ivy'inyungu y'Ishengero. Iga kugabura umwanya wawe mu buryo buringaniye mu kintu cose Ijambo ritanga. Iyo utahuye ivyo, uba witeguriye umwansi utaravye igikoresho agerageza kukurwanisha. Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje kandi y'akataraboneka, reka imfungurwa ziringaniye z'Ijambo zivuye ubuzima buringaniye kandi bw'intsinzi.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

LMwami, mfasha kwiga Ijambo ryawe n'umwete kandi m'uburinganire. Mpa ugutahura kw'ivyanditswe vyose kugira ngo mbeho mfise ibikoresho, nemewe, kandi mfise intsinzi mu bijanye n'ubuzima bwanje bwose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi umunyeshure akomeye w'Ijambo. Uko nshira ivyiyumviro vyanje mu buryo bungana mu vyanditswe vyose, mba ndiko ndambara ibirwanisho kuburyo ndonka intsinzi ku bikorwa vy'umwansi.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Ivyakozwe n'intumwa
17:11



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365- UMUSI
WA 91**

Yosuwa 13-15; Yohani 3:1-21

IJWI RYOSE RIFISE ICO RISOBANURA

1 Ab'i Korinto 14:10

Amajwi yo mw isi, nah' ari menshi ate, nta ridafise uko risobanurwa.

Mu vy'ubuvuzi, akenshi ijwi ni ryo ryerekana ubuzima. Umwana akivuka ikintu cambere akora ni ukurira. Abaganga barashobora mbere gukangura uruyoya rucereje mu bugwaneza kugira ngo gusa bumve iyo iro jwi ryago, nico kimenyetso gitomoye c'ubuzima n'ugukora neza. Ukwumva na kwo nyene ni kimwe mu bintu vya nyuma bizimangana iyo umuntu apfuye, ivyo bikaba bishimika ku kamaro kavyo kuva umuntu avutse gushika apfuye. Ukwo kuri kw'akameremere kugaragaza ukuri kw'impwemu kwimbitse: ijwi rifise insiguro mu mw'isi y'i Mpwemu.

Ubukristo bwawe bushingiye kw'ijwi urekura biciye mu kwatura kwawe. Ingorane nyinshi abantu bahura na zo zishobora guterwa n'amajwi bareka ngo yinjire mu buzima bwabo, umuziki, ibiyago, ukwisamaza be n'ibidukikije vyose bifise ingaruka zo mu vy'impwemu. Ivyanditswe biratomoye: ijwi ryose rifise insiguro. Raba neza ko ijwi ry'Ijambo ry'Imana rivuga cane kuruta ikintu cose kigusamaza kigukikuje.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, tunganya amatwi yanje kugira ngo numve ijwi ryawe hejuru y'ayandi majambo yose. Mfasha kurinda ivyo numviriza, maze ijwi ry'Ijambo ryawe rihindure ivyiyumviro vyanje, amahitamwo yanje n'ukwizera kwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndanse kwumviriza ijwi iryariryo ryose. Amatwi yanje yumviriza amajwi akwiriye, kandi Ijambo ry'Imana ni ryo riganza mu buzima bwanje.



FURTHER STUDY
Revelation 1:6



365 BIBLE CHALLENGE - DAY
2 Chronicles 10-12; Acts 21:18-40

URUTOKE KU GITUMA

2 Abami 3:15

Ariko noneho nzanira umuvuzi w'inanga. Uwo muvuzi w'inanga ashitse, atanguye kuvuza, ukuboko kw'Uhoraho kuza kuri Elisa;

Umwana w'Imana wese yahawe ubushobozi bwo kurwanya sekibi. Yamara benshi barababazwa n'agahahazo kubera gusa batazi kugwanya igitero no kurekura ubwo bubasha uko bashaka. Mu Vyanditswe vyose, hariho ibintu vyo mu vy'impwemu ushobora gukoresha kugira ngo witegurire urugamba. Mu murongo w'uyu musu, Umuhanuzi Elisa yasavye umucuranzu. Kubera iki? Kugira ngo yitegurire kwakira ubutumwa buvuye ku Mwami. Gutazira ni kwo kwabaye agasomborotso gatuma yumva ijwi ry'Imana.

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, menya igitera impwemu yawe kuvyuka. Bishobora kuba ari indirimbo yo gusenga irema ikirere kibereye kugira ngo Imana ikore, umurongo wa Bibiliya uhita wegeranya umutima wawe, canke indimi kanaka zitera impwemu yawe guhaguruka. Uhejeje gutahura ubu buhinga bwo mu vy'impwemu, urutoke rwawe ruzokwama ruri ku gisomborotsa impwemu yawe kugira iduge hejuru, hama ube uwitegurire kurekura ububasha, igihe cose, ahantu hose ubushobozi bukenewe.

ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, hishura ibintu vy'impwemu bisomborotsa impwemu yanje kugira ije hejuru, unshire mu kibanza c'ububasha bwawe. Nyigisha kwishura ningoga kandi neza kugira ngo nshobore kurekura ububasha bwawe igihe cose bukenewe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Naramenye ikintu kimpagurutsa mu mpwemu kandi kikantegura kurekura ububasha. Urutoke rwanje ruri ku kintucose gihagurutsa impwemu yanje, kandi iyo ndashe, umwansi ntakaryo aronka koguhagarara imbere yanje!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Ezekiyeli 3:22



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 93**
Luka 6:25-49; Zaburi 35-37

IJISHO RIKANUYE

1 Petero 5:8

Mwirinde ibiboreza, mwame mugavye: umurezi wanyu, ari we wa Murwanizi, agendagenda nk'intambge yivuga, arondera uwo arotsa

Vyinshi mu bibazo n'intambara abakirisu bahura na zo muri iki gihe ni ingaruka z'ukutamenya canke kudahura canke kutabona ibiba biriko biraba mw'isi y'impwemu. Iyumvire ibihugu bikomeye vyo kw'isi, ari vyo Burusiya, Leta Zunze Ubumwe za Amerika n'Ubushinwa, kimwe cose kikaba gishiramwo amamiliyaridi y'amahera mu buryo bwo gucungera abantu kugira ngo kirinde inyungu zaco. Ivyo vyonyene birashira ahabona akamaro ko kuguma dufise ijisho riri maso. Ivyanditswe vyita abakristo ihanga ryera, kandi iyo nkuru ijana n'inshingano.

Amajambo kwiyubara no kuba maso ari mu murongo w'uyu musu avuga ivy'ukwitwararika no kuba maso mu vy'impwemu, gukuraho ibisamaza no gutega amatwi yawe ku vyo Imana Ivuga. Mube maso cane! Raba neza ko ahantu utemberera, abantu wifatanya na bo, n'ibinyamakuru usoma ko atari ahantu umwansi yinjirira. Uko wiga Ijambo n'umwete, uzomenya ibitero vya satani kandi wirinde umutego wose agushizeko. Ba umukristo ari maso!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kuguma niyubara kandi ndi maso mu mpwemu. Karisha ugutahura kwanje kugira ngo menye ubuhinga bwose bw'umwansi kandi gendere mu mutekano mu kuri kwawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nka kurya igihugu gikomeye co kw'isi yose kibikora, ndatahura akamaro ko kuguma ndi maso. Nditwaza Ijambo nkikigwanisho. Ndi umuntu yiyubara, ndi maso, kandi sinzigera mpuma amaso!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

1 Ab'i Tesalonike 5:6



**GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365-
UMUSI WA 94**

Yosuwa 19-21; Yohani 4:1-38

KWITEGEREZA UMUYAGA

Umusiguzi 11:4

Ugendeza umuyaga ntazobiba, kand'uwitegereza ibicu ntazokwimbura.

Mu vyigwa vy' ukuntu imvura iboneka, umuyaga urafasha kumenya ingene imvura izogwa be n'uburemere bw'imvura izogwa muri kazoza. Ivyo vyerekana ikintu gikomeye ku canditswe c'uyu mus: Uwihweza umuyaga ntazobiba. Abakirisu benshi baratakaza imihezagiro yabo mu kwizera ivyo bashobora kubona canke mu gushira amaso kunzira bariko baracamwo, aho kwizera ko ivyo bipfuzza bizogaragara iyo bahagaze kw'Ijambo ry'Imana.

Aho kwiyumvira ngo: Ni gute nzokira indwara umuganga yise ko idakira? canke Ni gute noba umufasha w'Ubwami mumahera mu gihe umuryango wanjye wabaye mu bukene? shira amaso yawe ku mvura, ntushire amaso ku bicu, ku muyaga canke ku kintu cose amaso yawe kavukire ashobora kubona. Dukorera Imana itigeze inanirwa kandi itazokwigera inanirwa!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, nkomereza ukwizera kwanje kugira ngo sinizigire ivyo mbona canke ivyo ntahura. Mfasha kukwizigira bimwe bishitse no kubiba mu kwizera, nzi neza ko uzompa umwimbu.



UKWATURA KWÈUBUVUGISHWA

Imvura yaraje guheza igihe cose c'amapfa n'ubugaragwa mu buzima bwanje. Ndanse kwitegereza umuyaga canke kwihweza ibicu. Sinzokwibanda kuri "Gute?" Ndizigiye Imana rwose, kandi ndazi ko izonkiza, mw'Izina rya Yesu. Amen!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

2 Ab'i Korinto 4:18



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 95**

Yosuwa 22-24; Yohani 4:39-54

GIRA ICO UKOZE!

Matayo 17:27

Ariko twoye kubatsitaza, genda ku kiyaga, uteremw'igera, wabire ifi iribubanze gufatwa, uyasamike, urasangamwo shekel; abe ari yo ujana, uyitange kubwanje nawe.

Mu Vyanditswe vyose, Imana yarakoze ibitangaza, ibimenyetso n'utwumiza bitagira uko bingana, yamara ntiyigera ishigikira ukudakora canke ubunembwe. Igihe cose ijambo ry'ubuvugishwa ryatanze, igikorwa cama gikurikira. Mu gisomwa c'uyu musu, Yesu yategetse Petero kurondera amahera y'ikori ry'urusengero mu kanwa k'ifi. Ico cari gitangaza gitangaje, yamara vyasaba ko Petero akorana na we. Yabwirizwa gukorera kw'Ijambo yari yaronse.

Abakristo benshi baramenyereye kwumva Ijambo batariko bararishira mu ngiro. Ihishirirwa ritagira igikorwa gikozwe nta co rimaze, ntamwimbu ritanga. Kuva uno musu, ushireho umugambi mu mutima wawe wo kutaba uwumva gusa, ariko wokuba umukozi w'Ijambo. Shira ibikorwa inyuma y'ivyumva Imana ikubwira, uzogendera mu kuroranjirwa kudasanzwe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mpa ubuntu bwo gukora Ijambo ryawe ubwo nyene. Mfasha kuba umukozi, apana uwumviriza gusa, kugira ngo nshobore kubona ubwuzure bw'ingaruka zawe zidasanzwe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Igihe cose numvise Ijambo, ndarikorerako igikorwa. Mu kubigira, ndiko ndishira mu kibanza c'ubuzima bwo kuroranjirwa bidasanzwe!



KUNONOSORA
INYIGISHO
Yakobo 2:17



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 96
Abacamanza 1-3; Yohani 5:1-24



NTA SI ATA MAJAMBO

Imigani 18:21

Urufu n'ubugingo biri mu bubasha bw'ururimi, kand'abarukunda bazorya ivyo rwamyeye

Mu vy'inkomoko y'amajambo ishami ry'ubuhinga bw'indimi risuzuma inkomoko y'ururimi bita etimolojiya, abahinga mu vya kahise baracariko baraharira igihe abantu batangura gukora ururimi rusangi. Naho isi iguma idatomoye, Ivyanditswe vyo suko. Bibiliya ihishura ko ata si yigeze ibaho itagira amajambo. Imbere y'uko Isi ishingwa, Umwami Yesu yararemye vyose biciye ku bubasha bw'amajambo yiwe. Insobanuro y'amajambo avugwa irahambaye cane kubiremwa ku buryo Kristo ubwiwe yitwa Jambo.

Nk'abana biwe, twahawe ubwo bubasha bwo kurema nyene. Bibiliya yerekana ko iyo duha agaciro amajambo tuvuga, tuvura impinduka mu karere k'impwemu. Uyu ni Umwaka w'Amavuta Atangaje. Vuga ubuzima mu rwego rwose rw'ukubaho kwawe kuko hari ububasha mu rurimi rwawe!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, yobora ururimi rwanje kugira ngo ruvuge ubuzima ibihe vyose. Mfasha gukoresha neza amajambo yanje, huza imvugo yanje n'ukuri kwawe kugira ngo nshobore kurema ibuvuye ku Mana gusa.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amajambo nyene yuzuye ububasha Imana yakoresheje mu guhingura imishinge y'Isi, ni yo nyene nahawe. Iyo ntegetse kandi nkatura, ndacekesha iterambere ry'umwansi nkugurura inzira nshasha zo kutoranirwa.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Imigani 15:4.



**GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 97**
Abacamanza 4-5; Yohani 5:25-47

IMIGENDE Y'UBUSHOBOZI BW'IMANA

Kuvayo 3:6

Kand'iti Nd'Imana ya so, Imana ya Aburahamu, Imana ya Isaka, Imana ya Yakobo. Mose aca yipfuka mu maso, kukw'atinye kwitegereza Imana.

bubasha bw'Imana ntibuhishurirwa biciye mu kuboko kwayo gusa; mu Vyanditswe vyose, bugaragazwa biciye ku bagabo n'abagore Imana yahisemwo gukoresha nk'abarongozi b'ibitangaza vyayo. Mu murongo w'uyu musu, Umuremyi w'ibiriho vyose arimenyekanisha akoresheje amazina y'abantu yakoresheje, Aburahamu, Isaka na Yakobo. Ibaze kugira igihagararo nk'ico mu mpwemu ku buryo Imana yimenyekanisha mu kwerekeza ukugendana na yo kwawe!

Naho bari bafise amakosa, Imana ntiyashize umutima ku ntege nke zabo ahubwo yibanze ku co yabaremeye ngo babe imihora canke imiringoti y'ububasha bwayo. Nawe nyene Imana ishaka kwerekana ububasha bwayo biciye muri wewe. Uri igikoresho ciwe yatoye. Kora n'ubushizi bw'amanga mu bubasha yaguhaye, kandi ubugenderemwo uno musu.



ISENGESHO RY'UYU MUSU

Data, urakoze guhitamwo gukora biciye muri jewe. Mfasha kugendana ubutware wampaye n'ubushizi bw'amanga no kuba igikoresho ububasha bwawe buserukiramwo.



UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndi umugende w'ububasha bw'Imana! Imana yerekana ibitangaza vyayo biciye muri jewe. Uko ngenda mu kuri kw'ugusa kwanje na Kristo, satani ntakaryo imfiseko, sinkorwako!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Ivyakozwe n'intumwa
1:8



**GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 98**

Abacamanza 6-7; Yohani 6:1-21



IBIBAZO HAGARARA!

Yosuwa 10:13

Nukw'izuba rica rirahagarara, n'ukwezi kuguma aho kwari kuri, gushitsa ah'iryo hanga rimariye kwihora abansi babo. Mbeg'ivyo si ko vyanditswe mu Gitabo ca Yashari? Mber'izuba ryagumye mw'ijuru hagati riteba kurenga kumara nk'umusi wose

Yosuwa ateguka izuba guhagarara kiguma ari kimwe mu bitangaza biharirizwa cane mu Vyanditswe. Bamwe bemera ko ari ururimi rw'imivugo rudondora umuco w'umutaga umara igihe kirekire, mu gihe abandi barifata uko riri. Uko wohitamwo kubisobanura kwose, hari ukuri kumwe kudashobora guhakanwa: uyu muntu wo mw'isezerano rya Kera yakoze kimwe mu bitangaza bikomeye kuruta ibindi vyose mu mateka y'abantu.

Nk'umukristo ufise ububasha burengeye kure ubwa Yosuwa. Nimba yashobora gutegeka izuba n'ukwezi guhagarara, rero ivyawe na vyo nyene bitegerezwa kwishura ku majambo yawe. Kristo ntiyaguhaye ubuzima budahera bwonyene, yaguhaye ububasha budahera bwo guhingura isi yawe. Bwira ibintu bibi vyose mu buzima bwawe ngo bihagarare!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha gukoresha ububasha washize muri jewe. Nyigisha kuvuga n'ukwizera kugira ngo ibintu bibi vyose bihure n'ubugombe bwawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nk'uko Yosuwa yahagaritse izuba, ibintu vyose nshobora guhura navyo bitegerezwa gukurikiza amajambo yanje. Ndafise ububasha buhingura isi yanje. Ikintu cose kitameze neza kirahagarara kw'itegeko ryanje!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Abaroma 12:2



**GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 99**

Abacamanza 8-9; Yohani 6:22-41

UMUVYAZA W'UMUGAMBI W'IMANA

1 Samweli 23:16

Bukeye Yonatani mwene Sauli arahaguruka, aja iyo Dawidi ari i Horeshi, amuremesha mu vy'Imana

Mu vy'ubuvuzi, umuvyaza arayobora umugore kandi akamufasha mu gihe yibugenze, mu gihe c'ukuyara no mu bindi. Mu buryo nk'ubwo, Ivyanditswe birahishura ko bikenewe kugira "umuvyaza" afasha kuvyara umugambi w'Imana k'ubuzima bwawe. Iyo Imana ishaka kugukoresha, iragukikuzi abantu bakomeza kandi bashigikira umugambi wayo ku buzima bwawe.

Nk'abagize umuryango w'Umubiri wa Kristo, nta n'umwe muri twebwe yagenewe gukora yigenga. Urakeneye abandi bagukomeza kandi bagakomeza ibiganza vyawe mu Mana, nawe uhamagariwe gukomeza abandi. Ikikuze abantu bakora nk'abavyaza b'umugambo w'Imana kubuzima bwawe, bafasha gusohora ivyo Imana yashize muri wewe. Imana iraguha abantu nk'abo; inshingano yawe ni ukubamenya, hama ukabareka bagashitsa intumbero zabo ku buzima bwawe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

DData, ndagushimiye k'ubantu ushira mu buzima bwanje kugira ngo bankomeze kandi banyobore. Mfasha kumenya abafasha b'umugambi umfiseko kandi mbe n'isôko ry'inkomezi ku bandi.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, Imana irankikuzi n'abantu bateza imbere umugambi wayo k'ubuzima bwanje. Ngendera mu butoni, kandi Imana ikanzanira abavyaza b'umugambi wayo kubuzima bwanje mu bihe vyose!



KUNONOSORA
INYIGISHO
Imigani 27:17



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 100
Luka 7:1-25; Zaburi 38-40

NASHIZWE MU BWAMI BW'IMANA

Abakolosayi 1:13

Yadukijije ububasha bw'umwiza, atwimurira mu bwami bw'Umwana wiwe akunda

Ukwifatanya n'igihugu bishika iyo ihanga rikomeye ryinjije akarere k'irindi mu karere karyo. Leta ikomeye cane iragwiza ububasha bwayo, amategako n'imirongo ngenderwako ku butaka bushasha. Na wewe nyene, igihe wavuka ubwa kabiri, warashizwe mu Bwami bw'Imana. Ubuzima bwawe bwa kera bwari bubuze inkomezi, imbaraga n'ububasha bw'ubwami bw'ubuninahazwa bw'Imana, ariko biciye mu gakiza, warahinduwe ihanga rishasha rirongowe n'Imana.

Gendera mu vy'ukuri vy'ubuzima bwawe bushasha muri uyu mwaka w'amavuta atangaje. Ubuzima bw'ubutunzi n'ubwiza budahera. Ntukiboshwe n'amategako y'igihugu cawe ca kera. Ubu uba muni y'amategako n'imirongo ngenderwako y'ihanga ry'Imana biciye mu buzima bushasha yaguhaye.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kugendera neza mu vy'ukuri vy'ubuzima bwanje bushasha muri Kristo. Nyigisha kubaho ku mategeko y'Ubwami bwawe sinsubire m'ubuzima bwanje bwa kera.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nashizwe mu Bwami bw'Imana! Sinkibaho muni y'amategako n'imirongo ngenderwako y'isi. Ibikoresho umwansi yahora akoresha kugira ngo antikize mu buzima bwanje bwa kera nta bubasha afise kuri jewe ubu!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Abaroma 12:2



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 101**

Abacamanza 10-11; Yohani 6:41-71

MU GIHE GIKWIRIYE NO MU KIDAKWIRIYE

Mariko 11:13-14

Akiri kure abona umusokoni urikw'amababi, arawegera ngo kumbure yogira ic'awusangako: awushitseko ntiyagira ic'awubonako, atar'amababi: kuko kitar'igihe co kwama c'umusokoni. Arawubwira, ati ntugapfe har'uriye ku nsukoni zawe uhereye ubu ugashitsa ibihe bidashira. Abigishwa biwe baravyumva.

Ukibiraba, ushobora kubona ari akarenganyo ko Yesu yavumye igiti c'umusokoni kubera ko kitavyara mugihe kitari mu kiringo caco. Yari yiteze ko igiti, cishuye ukuhaba kwiwe, cokwama ivyamwa kitaravye ko kiri mukiringo canke hanze yikiringo caco.

Nk'umwana w'Imana, ntukeneye ko ibintu bitonda kumurongo kugira ngo utere imbere. Nimba ibidukikuje mw'isi y'umubiri bitakwishuye mu neza yawe, vyankire! Ufise ububasha ku mategeko yose agenga iyi si; iyo udakunda ikintu, amajambo yawe arashobora kugihindura. Tegeka ukwama n'itoto, ugutera imbere, n'ukwaguka!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha kwama ivyamwa ibihe vyose. Nkomeza nkoreshe ububasha bwanje ku bihe kandi mvuge iterambere, ukwiyongera, n'ukwama ivyamwa mu kiringo cose c'ubuzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima bwanje buravyara imbuto mu gihe gikwiriye n'ikidakwiriye! Ntitaye ku mirongo y'isi, ukuroranjirwa kwanje kurategakanijwe. Iyo ingorane z'ubuzima zimpagurukiye, ndazihana mw'izina rya Yesu!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Abanyefeso 1:19-21



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'102

Abacamanza 12-13; Yohani 7:1-31

BIRENGEYE UKWEMERA

Abaheburayo 11:1

Ukwizera n'ukumenya rwose ivyizigirwa, udukeranya ngo ntibizozza kandi bitabonwa ni kwo kubitumenyesha kw'ar'ivy'ukuri

Mu nyandiko z'icongereza, amazina yerekana abantu, ibibanza canke ibintu, mu gihe amavuga nayo adondora igikorwa, ikintu canke ikintu kibaye. Mw'ishengero ry'uno musu, abakristo benshi biyumvira ko kwemera gusa ikintu bizobazanira ivy'ubufuza. Yamara ijamba ryerekana neza ko ukwizera ari ijamba rikora, irivuga ritategerezwa gukurikizwa.

Ubushobozi bwawe bukwemera, ubwabwo, nta bubasha bufise mu gushitsa ukwizera. Ivyizigiro ni vyo bishinga intumbeho, ariko ukwizera ni kwo gushitsa intumbeho! Niwubake ukwizera kwawe mu kwimba mu Vyanditswe ku bijanye n'ivy'ubufuza. Ntibihagije kuvuga ko kwemera, ukwizera kugira ubuzima iyo guhuye n'ibikorwa vy'ukugamburuka. Korera ku kwizera kwawe muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, uzobona isi yawe itangura guhinduka ikaba nziza.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, nsunika mwe mu kwemera gusa nje mu kwizera gufise ubuzima. Mfasha gukorera kw'ijamba ryawe n'ukugamburuka kugira ngo ukwizera kwanje kuvemwo umusaruro ugashyiraho mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ukwizera ni irivuga! Bisaba ko umuntu agira icyo akaze. Uko niga ivyanditswe, ndiko ndubaza ukwizera kwanje kugira ngo mpagarare nkomeye kandi ntsinde igikorwa cose c'umwansi.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Yakobo 2:17



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365- UMUSI
W' 103**
Abacamanza 14-15; Yohani 7:32-53

UKWAKA KW'UMURIRO

Ab' i Filipi 1:6

Kand'ico nizigiye ntakekeranya, n'uk'uwatanguye igikorwa ciza muri mwebwe azogiheraheza gushitsa ku musu wa Yesu Kristo.

Iyo umuriro utanguye igikogwa cawo co kwaka, iguma waka ubudasiba igihe cose ubushuhe, umwuka w'ikirere n'amavuta canke igitoro bigumyeho. Urubeya ntirwihagarara rwo nyene, utegerezwa kuruzimya. Nawe nyene Imana iyo itanguye igikorwa ciza mu buzima bwawe, Iraba umwizigirwa kugira ngo Ikirangize. Intumbero yayo mu kuza yari iyo kugutandukanya n'isi. Yipfuzako utera imbere kandi ukabaho neza nk'uko igomba.

Ntuzimye umuriro yacanye muri wewe mu guhindukira ngo uve mu buzima yaguteguriye. Ahubwo, ubeho nk'uko ishaka kandi ugendere mu mugambi w'ayo. Imana ifise umugambi udasanzwe kandi wakataraboneka ku buzima bwawe, kandi izowushitsa. Niwizigire rero uku kuri: ico Imana yatanguye muri wewe ntigishobora kunanirwa.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndagushimiye igikorwa ciza watanguye muri jewe. Mfasha kuguma ndi M'ubugombe bwawe kugira ngo ntihagire ikintu na kimwe kizimya umuriro w'umugambi wawe mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nka kurya kw'igiti kirurumba umugambi w'Imana ku buzima bwanje uraka cane kandi uzoshika ku ntumbero yuzuye. Ngendera m'umugambi w'Imana. Naramaze gutsinda!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Yeremiya 29:11



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'104**
Abacamanza 16-17; Yohani 8:1-20



KWIIHA INTUMBERO

Abafilipi 3:13-14

Bene Data, jeho kubganje sinibgira yuko maze kugifata, arikw ico nkora n'iki kimwe gusa, nibagira ibir' inyuma, kandi nshingira ibir' imbere, mbandaniriza gushika aho dutanguranirwa, ku mpera y'umuhamagaro w'Imana muri Kristo Yesu wo kuja mw ijuru.

Mu vy'ugutwara imodoka, hari ikintu canditswe neza citwa kuguma ku ntumbero canke kudasamara. Iyo umushoferi ahinduye amaso yiwe akayakura mw'ibarabara canke agasamara, mbere n'aho yoba ari akanya gato, amaboko yiwe n'abo ariko aratwara bikurikira iyo amaso yiwe agiye.

Nkako nyene, abakristo benshi baracari m'umuvurungano nk'uw'abatizera kubera ko batashize umutima ku bintu vy'Imana canke ngo bave mu buzima bwabo bwa kera. Aho umutima wawe uja, ubuzima bwawe burakurikira. Ni co gituma Intumwa Paulo aduhimiriza gutera intambwe tuja muntumbero yo kugira ngo turonke impembo y'umuhamagaro wo hejuru. Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, ugumize amaso ku nzira iri imbere; reka ivya kera utere uraba ibiri imbere!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, shira umutima wanje ku muhamagaro wawe ku buzima bwanje. Mfasha kurekura kahise maze ntere imbere n'ubwira ku vyo wanteguriye vyose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

NNka kurya kw'umushoferi adasamara, amaso yanje araba ku bintu vy'Imana. Ndanse gusubira inyuma mu buzima bwanje bwa kera, ndibanda k'umuhamagaro wo hejuru muri Kristo Yesu!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Ab'i Kolosayi 3:1-2.



GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'105

Abacamanza 18-19; Yohani 8:21-38

IKIMENYETSO C'UGUKURA

Guharura 20:8

At Adira ya nkoni, muneze mukoranye iryo shengero, mwe na Aroni mukurwawe, mubaririre igitandara imbere yabo gisendanishe amazi yaco; ubakurire amazi mur' ico gitandara, uhe iryo shengero n'ivyo bashoreye amazi yo kunywa.

Ugukura kw'umukristo ntigupimwa n'ibitangaza, ibimenyetso canke utwumiza bimukurikira. Umurongo w'uyu musu uvuga igihe Imana yategetse Mose kuvugana n'igitandara kugira amazi atembe. Nubwo Mose yakubise ico gitandara mugishingo co kukibwira, amazi ntiyaretse kuza, amazi yarabonetse aratembera. Iryo vyerekana ko ingaruka ziboneka zitama zisobanura ukugamburuka. Ugukura nyakuri kugaragazwa no kwumviriza ijwi ry'Imana no kwisunga inyigisho zayo.

Gukura kw'umuntu bivana n'ubucuti ufataniye n'Umwami biciye mu gusenga no mw'Ijambo. Erekanwa ko wiyemeje gukura mu kubaho wisunga Ijambo ry'Imana ryerekeye wewe n'umuryango wawe. Ibuka ko Imana ari yo Muhinga adasanzwe mu vy'Ingendo; Inzira yiwe yama ari nziza kuruta izindi!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, nkuza mumpwemu. Nyigisha kwumvira amabwirizwa yawe bimwe bishitse no guha agaciro ubucuti n'ubusabane nawe kuruta ibindi vyohanze.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yampaye ububasha bwo gukura ibimenyetso n'ibitangaza, ariko ugukura kw'ukuri kwerekana biciye mu gusabana no kwumvira ku musu ku musu. Nkurikiza ijwi ryiwe, nizigiye umugambi wiwe, ubuzima bwanje buratera imbere!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yesaya 1:19



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'106

Abacamanza 20-21; Yohani 8:39-59

IBIMENYETSO VYO KUDAPFA (TURRITOPSIS DOHRNII)

Abaroma 8:11

Ariko bisanzwe Mpwemu w'lyazuye Yesu imukuye mu bapfuye aba muri mwebwe, lyazuye Kristo Yesu imukuye mu bapfuye izozura n'imibiri yanyu ipfa, kubga Mpwemu wayo aba muri mwebwe.

Ibiremwa vyinshi vyo mu bwami bw'ibikoko bikurikiza itegeko kamere ry'ubuzima n'urupfu. Ariko rero, iyo fi yitwa Turritopsis dohrnii, izwi koidapfa, irafise ubushobozi budasanzwe bwo gusubira mu buzima bwayo bwa kera iyo ikomeretse canke iri hafi gupfa, igasubiramwo ubuzima bwayo incuro nyinshi, nka kurya ko kwiubura.

Bishobora kugutangaza ko umukristo wese atwara isoko ry'ububasha bwo gusubiza ubuzima bushasha biciye muri Mpwemu Yera. Ububasha bwiwe buri muri wewe burashobora gutsinda uruboyi bw'urupfu. Iyo umenye uwuba muri wewe, indwara n'ibiza biratakaza ububasha. Ushigikirwa n'ububasha bw'izuka, ububasha nyene bwatsinze urupfu ubwarwo. Uyu ni Umwaka w'Amavuta Adasanzwe; ntushobora kwicwa!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndagushimiye ububasha bwo kuzuka buba muri jewe. Ndafise inkomezi, amagara meza, n'ubuzima bw'Imana bikorera mu mubiri wanjye biciye muri Mpwemu wawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Indwara n'urupfu nta bubasha bifise kuri jewe. Irya Mpwemu nyene yazuye Kristo mu bapfuye niyo iba muri jewe; rero, sinshobora kunanirwa. Abantu nkanje ntibapfa bihuse!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

2 Ab'i Korinto 4:16



**365 INGORANE YO MU BIBILIYA -
UMUSI W' 107**

Luka 7:26-50; Zaburi 41-43

UBWATSI BURATOTAHAYE

Abagaliya 6:7-8

Ntimuzimire: Imana yo nticokorwa; kukw ic' umuntu abiba cose ari co azokwimbura. Ubiba mu buryo bg'umubiri azokwimbura ukubora mu mubiri; arik' ubiba muri Mpwemu azokwimbura muri Mpwemu ubugingo budashira.

Hari imvugo imenyereye iti: "Ivyatsi birarushiriza gutotahara ku rundi ruhande." Benshi baragwa muri iyo nzira y'ukwihenda. Abakristo bamwebamwe barahura n'ingorane bagatangura kwiyumvira ko ubuzima imbere yo kwakira Kristo bwari bworoshe kuruta ubuzima bari kumwe na we. Ariko rero, ukuri ni uko ivyatsi ntibitotahaye cane kwa mugenzi wawe, ivyatsi bitotahara aho babivomera.

Mu buzima bwawe bwa kera, "waravomera isi" mu kubaho ukurikije ivyo abantu bavuga. None, kugira ngo ubone inyungu zuzuye z'ubuzima bwawe muri Kristo, utegerezwa kuvomera ubuzima bwawe biciye mw'ijambo no mukumarana umwanya n'Imana. Ubuzima bwawe ni umurima, butotahaze n'ivyanditswe kandi ubuvomere biciye mu gukomeza kuvugana n'Imana.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha gushiramwo inguvu ata gusiba mu bintu vya Mpwemu. Uko mvomera ubuzima bwanje n' Ijambo Ryawe, ubuzima bwanje butere imbere kandi bwame ivyamwa bihoroaho.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima bwanje muri Kristo ni umurima ukura! Ndawuvomera kandi nkawubungabunga n'Ijambo. Uko nshira inguvu mu bintu vya Mpwemu, niko nimbura ubuzima budahera!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Yeremiya 17:7-8



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'108**
Rusi 1-2; Yohana 9:1-22



URUZOGI GW'ICAHA

Yohana 3:3

Yesu aramwishura, ati N'ukuri, n'ukuri ndakubgire: Iy' umuntu atavyawe ubga kabiri, ntashobora kubona ubwami bw'Imana.

Uruzogi ruhuza uruyoya ruriko rurakura na nyina, rukaruha indya, impwemu be n'uburinzi gushika ruvutse. Umwana amaze kuvuka, urwo ruzogi ntiruba rugikenewe kubera ko umbiri w'umwana utangura gukora wigenga.

Na wewe nyene, imbere y'agakiza, wari ushigikiwe n'uruzogi rw'icaha, ukaba warushigikiwe rwose n'ubuzima butandukanye n'Imana. Ariko igihe wavuka ubwa kabiri, urwo ruzogi rwaracitse. None n'ishingano yawe gukuraho isano ryose n'ubuzima bwawe bwa kera bw'icaha. Ubu rero urashigikirwa n'ubuzima bwa Kristo buri muri wewe, ubuzima butanga uburinzi bw'Imana, ukugaburirwa, n'ivyo ukeneye ibihe bidahera bitandukanye n'isi. Ntushyire kuraba ibintu vya kera; ubuzima bwawe bushasha bwaramaze gutangura.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kugenda ntandukanye cane n'ubuzima bwanje bwa kera. Mpisemwo kubaho mu buzima bwa Kristo buri muri jewe no kutazosubira mu nzira z'icaha.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinkifashwa n'uruzogi gw'icaha! Igihe navuka ubwa kabiri, naronse ubuzima bwa Kristo. Mpwemu wiwe niwe soko ryanje ry'ivyo nkeneye, mw'Izina rya Yesu!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Abaroma 6:6



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'109**

Rusi 3-4; Yohani 9:23-41

UMUNTU ARONDERWA CANE NA SATANI

Iyakozwe n'intumwa 19:14-15

Kandi harih' abahungu ndwi b' Umuyuda yitwa Sikewa, umwe mu baherezi bakuru, bagenza bartyo. Impwemu ihumanye irabishura, iti Yesu ndamuzi, na Paulo ndamuzi, ariko mweho muri ba nde?

Mu misi ya kera mu Mpande zimwe z'isi, abagizi ba nabi bashakishwa cane na leta bamenyekana cane ku buryo amafoto yabo yamanikwa hanze y'amabarabara n'amahoteri akerekana impembo izotangwa kubazobafata. Bari bazwi ko ari bo bashakishwa cane! Umurongo w'uyu musi werekana bene Sikeva bagerageza kwirukana impwemu mbi batagira igihagararo c'impwemu. Iyo mpwemu irabishura ati: «Yesu ndamuzi, na Pawulo ndamuzi, ariko mwebwe muri ba nde?»

Umwami Yesu na Paulo bari bafise ubukuru mu Bwami ku buryo bamenyekanye no mw'ikambi ry'umwansi ku rutonde rw'abaronderwa cane na shetani. Mwene ukwo guhagarara kw'impwemu kuvuka mu bucuti bwimbitse n'Imana, mu busabane n'Imana ubudasiba, no mu kwihebera ibintu vy'I Mpwemu. Wiyubake gushika aho umwijima wemera Kristo ari muri wewe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, nkwegera mu bucuti bwimbitse nawe. Nyubakira igihagararo canje co mu mpwemu kugira ngo ububasha bwa Kristo muri jewe bugaragare kandi bwemerwe mu karere k' iMpwemu.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, ndiko nubaka igihagararo c'impwemu ku buryo n'umwansi yemera ko Kristo ariho muri jewe!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Mariko 16:17



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'110**
1 Samweli 1-2; Yohani 10:1-18



UKOSHWA KURIMWO UMUTEGO

Abanyefeso 6:11

Mwambare ibirwanishwa vyose vy'Imana, kugira ngo mushobore guhagarara mudatsinzwe n'ubugunge bga wa Murwanizi.

Iyo umusuma ateguye kwiba, kimwe mu bintu ashira imbere ni ugufata imbwa y'izamu yoba ihari yose yoshobora kumenyesha ko uwo musuma yinjiye canke kumurya. Gutuma ivyo bikoko bibura ubushobozi bibonwa nk'uburyo bwiza bwo gukuraho induru zizo mbwa. Imwe mu nzira zisanzwe ni ugushiramwo uburozi muvyokurya vy'imbwa. Uwo mutego umeze nk'uwutagira akamaro, ariko urashobora kwica iyo mbwa. Umwansi na we nyene akoresha iyo nzira nyene.

Iyo shetani arondera kwinjira mu buzima bwawe, aca mukarere canke akaraba igice ufisemwo intege nke, akagukwegera kwisenyura wewe nyene biciye mu bintu bisa n'ibiryoshe ariko bifise ingaruka mbi. Nk'umwana w'Imana, nta kigwanisho nakimwe cacuriwe kugwanya ubuzima bwawe kizoshobora kukwica, ariko utegerezwa gukomeza igice cose c'ubuzima bwawe biciye mw'ijambo. Satani ariko aragwana urugamba yamaze kuneshwamwo, rero ntumuhe ubwinjiriro, ntumuhe akaryo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kumenya no kwanka umutego wose wo kwivugurura canke uvuye mu koshwa. Nkomeza mw'ijambo ryawe kugira ngo nti hagire ubugunge canke ugukwegakwegana kw'umwansi kuronka inzira yo kwinjira mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndanse ugukwegakwegana kwose kuva mw'ikambi y'umwansi! Igice cose c'ubuzima bwanje kirakomezwa muri Kristo biciye mw'ijambo ryawe. Umutego wose n'ubugunge bwose bwa Satani birashirwa ahabona ubu, mw'izina rya Yesu!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Yakobo 4:7



**GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'111**

1 Samweli 3-4; Yohani 10:19-30

KUDUGA INGAZI Y'UMUGISHA W'IMANA

Luka 16:10

Ukora ivyo yizigiweko ku coroshe cane, agira artyo no ku gikomeye: ugabitanya ku coroshe cane, agabitanya no ku gikomeye.

Mu masosiyete menshi, hariho ico bita ingazi y'amashirahamwe. Gutangura hasi kenshi bisigura gukora amasaha menshi kugira ngo umuntu aronke amahera make, mu gihe abavyerekana ku rugero rumwe rumwe bagenda baraduga buhorobuhoro bakaja hejuru. Kuduzwa mu ntebe biza nk'impera y'ugushikama, gukora neza cane no kwizigirwa.

Mu buryo nk'ubwo, ugutera imbere canke kuduzwa muvy 'Imana biva mu kuba umwizigirwa muvyo yamaze kuguha. Iyo uriko urakora muri sosiyete y'Imana, ubuhinga n'ubwira birakenewe (Excellence) ku ntambwe yose y'ingazi y'umuhezagiro. Nugire umwete kandi ube umwizigirwa k'ubutunzi bwose, igikorwa cose n'akaryo kose yagushizeko, hanyuma urabe ingene Imana iguteza imbere.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha kuguma ndi umwizigirwa mu gikorwa cose unjeje. Nyigisha umwete n'ubuhinga kugira ngo nkure ngere mu mw'iterambere wanteguriye.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi umukozi w'umwizigirwa w'ubutunzi bwose Imana yampaye. Sinsuzugura intango ntoya, kuko Imana yanteguriye ikintu gikomeye kuruta. Uko nkora n'umwete, ndaduga ku ngazi y'umugisha w'Imana!



KUNONOSORA
INYIGISHO
Zekariya 4:10



GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365-
UMUSI W'112
1 Samweli 5-7; Yohani 10:31-42



KWIGANA AMAKARI

2 Ab'i Korinto 2:11

Kugira ngo Satani ntaronke ic' adutsindisha, kuko tutayobewe imigabo n'ubugunge vyivye.

Mu bwami bw'ibikoko, hariho ikintu citwa kwigana ubukazi canke amakari, aho ibikoko vyigana igikoko gikomeye kubisumba bikoresheje kugikanga. Ivyo bikoko akenshi biba bifise inguvu nke kuruta ico kindi gikoko biriko birakanga, ni co gituma amayeri, ububeshi buba ikigwanishwa cavyo gikomeye kuruta ibindi vyose. Uko ni ko nyene satani akora.

Iyo uri umukristo, ibitero vy'umwansi nta bubasha bifise; umuryango wonyene yinjiriramwo ni ukuguhenda. Ikintu cose cokubabaza ntikiza murubwo buryo. Ukugwa kwa Adamu kwaje gutekewe nk'icamwa, kandi ikigeragezo ca Mose cari kinyegejwe mu munezero w'igihe gito wo muri Egipta. Igikogwa cawe nk'umwana w'Imana n'ukutagwa mu ruyeri rwa satani. Komeza ubuzima bwawe n'Ijambo kugira ngo, uburyo bwose akoresha kugira ngo aronke ubwinjiriro, uzobe ufise ububasha bwo kumurwanya.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, karisha ugutahura kwanje kugira ngo sinzokwigere ndeka kumenya imigambi y'umwansi. Komeza ubuzima bwanje n'Ijambo ryawe kandi ukomeze kunkingira k'ububeshi bwose n'amayeri y'umugwanizi.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sindi uwutazi imigambi ya satani. Ubuzima bwanje burakomezwa n'Ijambo ry'Imana. Sinta umwanya kubikoresho canke ububeshi umwansi yokoresha, ndahangana kandi nkanesha intambwe yiwe yose. Ndakingiwe kububeshi bwose bw'umugwanizi mw'Izina rya Yesu!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Abanyefeso 6:11



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'113

1 Samweli 8-9; Yohani 11:1-16

GUTUZA IGIHUHUSI

Abanyefeso 4:26-27

Ni mwaraka ntibibakoreshe icaha: izuba ntirirenge mukiratse, kandi ntimuhe wa Murwanizi icicaro.

Igihuhusi kirekire kuruta ibindi vyose kw'isi camaze nk'imisi mirongo itatu n'umwe. Yamara abantu benshi barihanganira ibihuhusi mu buzima bwabo igihe kirekire kiruta ico, atari kubera ikirere, ahubwo kubera ko babandanya kugaburira inzigo no kugumana ishavu. Ivyanditswe vyerekana ko kubika inzigo n'urwanko mu mutima wawe biha satani ubwinjiriro, bigatuma ingorane uhura na zo zikomera.

Imbabazi ni urufunguruzo rwo gutuza ibihuhusi mu buzima bwawe. Inzigo hamwe n'ugushavura ni ibirwanisho bikugwanya wewe nyene bituma uguma uboshwe. Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, rekura inzigo yose maze urabe ubuzima bwawe buhinduka buja mu mwidegemvyo Kristo yatanze ku musaraba. Rekura iminyororo y'ibibabaje vya kera, ubabarire, kandi utuze igihuhusi!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mpa ubuntu bwo kubabarira ningoga kandi bimwe bishitse. Ndarekuye icaha cose kandi ndanse guha satani aho amfatira biciye mwishavu, mu mubabaro canke munzigo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Simbika ishavu canke inzigo. Mu guhitamwo kubabarira, ndasubiza hamwe igihuhusi cose mu buzima bwanje. Nta bwinjiriro mpa satani!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Mariko 11:25



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'114**
Luka 8:1-25; Zaburi 44-45

Encourage Bless Love
Hope

IMVUGO Y'IMANA

Yakobo 1:26

Umuntu ni yigira ngo n'umunyedini, ntafate ururimi, arikw agahenda umutima wiwe, idini y'uyo izoba ar' iy' ubusa.

Nk'umwana w'Imana, ni vyiza cane ko wiga guhitamwo amajambo akwiriye. Naho amadini menshi akomeye, imigwi y'ingengavyiyumviro canke iyindi migwi y'abantu yoshobora kumenyekana biciye ku bimenyetso vyo hanze nk'inkofero canke impuzu bambara, Kristo yahisemwo urukundo nk'ikimenyetso gitandukanya abayoboze biwe n'ayandi ma dini. Urwo rukundo nturumenyesha biciye ku nyifato yawe gusa, ariko kandi urarumenyesha biciye ku biyago vyawe.

Amajambo yawe yoba atera ari ayatera intege abandi canke abashira hasi? Yoba yerekana urukundo rwa Kristo? Nimba atari vyo, nubigire intumbero yawe uno musu muguha agaciro amajambo uvuga. Ijambo ry'Imana ryigisha ko ukwizera nyakuri gukoreshwa kandi kuva ku bushobozi ufise bwo gucungera ururimi rwawe. Ijambo ryose uvuze rifatse ububasha bwo kwubaka abandi canke bwo kurema intambanyi. Muri iki gihe, nuhitamwo imvugo y'Imana.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kurinda ururimi rwanje. Amajambo yanje yerekane urukundo rwawe, ubwenge bwawe n'ubuntu bwawe, kandi imvugo yanje yame yubaka abandi kandi igutera iteka.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndazi akamaro ko kugenzura ururimi rwanje! Imvugo yanje yerekana ukwubaha Imana, ivyo mvuga vyose bigaragaza Kristo aba muri jewe!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Abanyefeso 4:29



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'115**

1 Samweli 10-12; Yohani 11:17-29

UMUNTU ATUNZE

Itanguriro 39:2-3

Uhoraho abana na Yosefu, bituma aroranirwa; aba mu rugo rwa shebuja Umunyegiputa. Shebuja abona yuk' Uhoraho ari kumwe na we, kandi k'Uhoraho yamuhaye kugira ikiganza ciza ku co akoze cose.

Muri iki gihe c'inkuru ya Yosefu, yari umuja mu nzu ya shebuja, yamara yari akiri umuntu w'umutunzi mu maso y'Imana! Abakristo benshi bapima uguterimbere biciye ku mibereho yabo ubu, ariko kugira Imana iri kumwe nawe ni co kimenyetso gikomeye c'ukuroranjirwa no gutunga.

Naho Yosefu yari umuja muri iki gihe c'iyoyi nkuru, mu nyuma yarabaye umwe mu bagabo b'abashingantahe kuruta abandi bese muri Egiputa. Imana iragushira mu kibanza co kwakira ubutunzi yamaze kuguha mu karere k'impwemu. Naho ivyo urimwo ubu bitagaragaza ivyo Imana ivugaga kuri we, tangura kubaho nk'aho woba utunze, kuko ni ko biri!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha kugenda imisi yose mu kumenya ko uri kumwe nanje. Uko ivyanje vyifashe kwose, mpisemwo kubaho nk'umuntu atunze vy'ukuri muri Wewe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

NNdatera imbere mu vyo nkora vyose. Sinita kuvyo mbona, ngenda mu gutoneshwa no mu kuroranjirwa. Yesu Kristo, Umwami w'ibiriho vyose, aba muri jewe kandi akanteza imbere!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yosuwa 1:8.



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 116

1 Samweli 13-14; Yohani 11:30-45



AMARORI Y'IBARA RYA ROSE

1 Ab'i Korinto 13:4-5

Urukundo rurihangana, rugira neza, urukundo ntirugira ishari, urukundo ntirwihayagiza, ntirwihimbaza, ntirukora ibiteye isoni, ntirurondera ivyarwo, ntirwiciraho, ntirwiyumvira ikibi ku bantu.

Kuraba umuntu biciye mu “marori yibara rya rose” bidondora ingene uraba umuntu ukirengagiza amakosa akora, ugashira inguvu mukuraba ivyiza biri muri we. Umurongo w'uyu musu uradondora neza insobanuro nyakuri yo kugendera mu rukundo rw'Imana. Kimwe muri ivyo ni uguhitamwo kutandika ibibi abandi bagukorera.

Kwambara amarori y'impwemu afise ibara rya rose ntibisigura guhakana amakosa y'umuntu; bisigura guhitamwo kuyarengera no gukunda abandi nk'uko Kristo agukunda, ata nzigo, ata n'agasuzuguro, canke urutonde rw'ibibi vya kera. Reka ukuntu ubona abandi bibe ivy'urukundo, kandi uwu uzoba umwaka wawe mwiza kuruta iyindi yose!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, nyigisha gukunda nk'uko Kristo akunda. Mfasha kurekura ibibabaje vya kera, kwanka umubabaro, no kubona abandi biciye mu nzira y'urukundo rwawe rudafise ico rufatirako.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nkunda abandi n'urukundo nk'urwo Kristo ankunda, ata shari, ata nzigo canke umururazi. Mpitamwo kubona ivyiza biri muri bose, ntaravye amakosa canke ukunanirwa vya kera.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Abanyefeso 5:2



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 117
1 Samweli 15-16; Yohani 11:46-57

IBANDE KUNZIRA YAWWE

2 Abakorinto 10:12

Kuko tutubahuka kwishira mu gitigiri ca bamwe bishimagiza, canke kwigereranya na bo: arikw'abo, ko birehesha ubwabo kandi bigereranya ubgabo, nta bwenge bagira.

Ubuzima bwuzuye amahiganwa, mu kazi, mu migenderanire, mbere no mu miryango, ariko ivyanditswe vyigisha ko kwigereranya bitarimwo ubwenge. Abakirisu benshi bariremeka imibabaro idakenewe mu kugereranya urugendo bagendana n'Imana n'ivy'abandi. Ivyanditswe vyerekana ko ihiganwa nyakuri k'umukristo ari ihiganwa ry'umuntu wese na we nyene ubwiwe.

Si bibi kubona ingene abandi batera imbere, ariko ikigutera intege gikwiye kuba ugukura birenze aho wari ugeze mumwaka uheze, atari ukwigereranya n'uyundi muntu. Ntukigere wibagirwa inzira Imana yagutoreye mu kwitwararika urugendo rw'uwundi. Guma wibanda, ukomeze gukura, kandi wihatire buri musu kuba umuntu Imana yaguhamagariye kuba.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, nkomeza nshire umutima ku nzira washize imbere yanje. Nkiza ukwigereranya n'abandi kandi umfashe gukura buri musu nk'uko umugambi wawe udasanzwe w'ubuzima bwanje uteguye.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ihiganwa ryonyene mfise ni jewe nyene. Nshira umutima ku nzira Imana yashize imbere yanje. Uko ngendera mu mugambi wiwe utunganye w'ubuzima bwanje, ubuntu bwiwe butuma ukuduzwa n'ubutoni binkurikira aho nja hose!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Ab'i Galatiya 6:4



GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'118

1 Samweli 17-18; Yohani 12:1-16

UMUGISHA WIRAGI

1 Petero 3:9

ntimugere ikibi ku kindi, cank' igitutsi ku kindi; ariko mubigerane n'umuhezagiye, kukw ico ari co mwahamagariwe, kugira ngo namwe muragwe umugisha.

Woba uriko uratesha agaciro, kandi utabigize n'ibigirankana, ivyo Kristo yakoze ku musaraba mu kwibaza ko bigarukira mu buzima budahera gusa? Kristo aba muri wewe kugira ngo ntusubire gusangira imivumo igira ababayeho batandukanye na we. Ukuri wahamagariwe kugendamwo ni ukw'umuntu azi ko Imana yamuremye kugira ngo abe uwutavumika.

Warashizweko ikimenyetso c'ishusho ya Kristo kandi wambaye ubukuru bwiwe. Nta muvumo canke ubupfumu bishobora kwinjira mu ruhome rw'uburinzi yagushizeko. Ubuzima bwawe muri Kristo bwuzuye imigisha. Ku bw'ivyo, baho buri mushi witeze ubuntu n'ubutoni bw'Imana bihoraho aho gutinya ivyo umwansi yamaze gutsindwa yogerageza.

Ibuka ko, iragi ryawe muri Kristo si ubuzima budahera gusa, ariko kandi n'intsinzi, amahoro n'ubutoni bw'Imana mu kugendana na we ubu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndagushimiye umuhezagiye narazwe muri Kristo. Mfasha kugendera n'ukwizigira mu buzima butagira umuvumo, niteze ineza yawe n'ubutoni bwawe imisi yose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imuhezagiye irankurikira aho nja hose. Mbaho ubuzima bw'uwtavumika! Nta bupfumu canke intwari y'umwansi ishobora kungirira nabi canke umuryango wanjye, mw'izina rya Yesu!



KUNONOSORA
INYIGISHO
Guharura 23:20.



GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 119
1 Samweli 19-20; Yohani 12:17-36

UMUNTU W'IMBERE

2 Ab'i Korinto 4:16

Ni co gituma tutihebura; ariko, nah' umuntu wacu wo ku rukoba arikw arabora, umuntu wacu w'imbere yama ahinduka musha uko bukeye.

Urarengeye ivyo ubona mu cirore. Umubiri wawe wo mw'isi y'umubiri ni mwiza, ariko ni igice co hanze gusa c'uwo uri vyukuri. Ivyanditswe vyita wewe nyawe umuntu w'imbere mu mpwemu yawe. Naho umuntu wo hanze ashobora kuruha, agasaza canke akagoyagoya, umuntu wo mu mutima ahinduka mushasha uko bukeye uko bwije.

Igihe wavuka ubwa kabiri, waronse Mpwemu wa Kristo. Wavuye mu mipaka y'akarere k'ibidukikije, maze utera intambwe mu buzima bwo hejuru bw'Imana. Ivyo bisigura ko intambara z'abo mw'isi, indwara, ubukene, ubwoba, n'ugutsindwa, zitakikuraba wewe. Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, baho buri musu uzi ko uri ikiremwa c'impwemu, ufise ububasha bwo kuduga hejuru y'ubwoko bwose bw'agahahazo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha kubaho nzi uwo ndi we mu mpwemu. Komeza umuntu wanjye wo mu mutima ku musu ku musu kandi umpe ubushobozi bwo kuduga hejuru y'uturimbi twose tw'akarere k'ibidukikije.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Umubiri wanjye ni igikoba gusa c'uwo ndiwe vyukuri! Nta ndwara, ubumuga canke ubukene bishobora kumpahaza, kuko nashizwe hejuru mu buzima bwo hejuru. Mpwemu w'Imana nzima aba muri jewe!



KUNONOSORA
INYIGISHO
Abaroma 8:9



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 120
1 Samweli 21-23; Yohani 12:37-50

WAVUTSE KUGIRA UNESHE

1 Yohana 5:4

Kukw icavyawe n'Imana cose kinesha isi; iyi ni yo ntsinzi yacu yatsinze isi, n'ukwizera kwacu.

Ufise kameremere yo kunesha waronkeye mu kuba muri Kristo. Ubwoba n'ugucinyizwa si umugabane wawe na gato. Umuco wacu n'ivyo twizera ni kunesha no kuba ab'imbere gusa, mu bigaragara no mu vy'impwemu.

Ivyanditswe vyamaze kwemeza ko tuvuka ku Mana, kandi Intumwa Yohana aratanga ikintu gikomeye cane. Avuga ngo iyo uri uwukomoka ku Mana uzotsinda isi. Bisigura ko ufise intsinzi y'impaga ku bintu vyo muri iyi si. Iyo uri muri Kristo, uba uri hejuru y'ubukene, uturimbi n'imivumo. Gukena no kwihebura ni ibintu vya kera. Mur'uyu mwaka w'amavuta atangaje, gendera mu ntsinzi, kuko waranesheje isi mw'Izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndagushimiye ko navyawe nawe kandi nagenewe intsinzi. Komeza ukwizera kwanje n'ubushizi bw'amanga bwanje bwo kugendera hejuru y'ubwoba, n'uturimbi, n'ikintu cose c'iyi si, no kubaho buri musu mu ntsinzi ya Kristo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ngendera mu ntsinzi no mu muco w'Umwami wacu Yesu Kristo. Ibintu bibi vyose vyo muri iyi si ntaho ntibizigera biba hafi yanje. Gutera imbere hamwe n'amahigwe ni ivyanje.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Zaburi 60:12



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365- UMUSI
W'121
Luka 8:26-56; Zaburi 46-48

HEJURU Y'UBUMENYI BUSANZWE

Ab'i Filipi 3:8

Eka mbere n'ibintu vyose ndavyiyumvira kw ar' ubuhombe, kubg' ikibirengeye, ni co kumenya Kristo Yesu Umwami wanjye. Kubg' uwo nahomvye ibintu vyose, ndavyiyumvira kw ar' ishano, kugira ngo ndonke Kristo

Iyo usuzumye ukuntu ubumenyi butandukanye bw'ubuhinga butoroshe, ntushobora kwiyumvira ko hari ikintu coburengera. Ivyo bita za Fizike, shimi, biyoloji, mbere n'ibintu vya misi yose tumenyereye, nk'ugutera ibisasu vy'ama roketi, ivyo kubaga abantu (chirurgie) canke guteka za pizza –vyose bikoreshwa n'uburyo bwa none bw'ubumenyi (siyansi).

Mu murongo w'uyu musu, Intumwa Paulo yahishuye ikintu co hejuru: muri Kristo, dufise ubumenyi burenze ugutahura kwose. Ijambo ubumenyi aha ni gnosis mu kigiriki, risobanura "ubuhinga." Ivyo bisigura ko ubumenyi ufise muri Kristo buruta kure n'iyu ubuhinga n'ibindi vyose vy'ubwenge bw'umuntu. Ntuzonanirwa muri ubu buzima, kuko ugutahura kwawe gufashwa n'ubwenge bw'Imana—ubwenge buri hejuru y'ubushobozi bwose bw'iyi si.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndagushimiye ubumenyi burengeye mfise muri Kristo. Ongereza ugutahura kwanje muri Mpwemu wawe kandi uyobore ingingo zanje n'ubwenge bw'Imana kugira ngo ndegere uturimbi twose turi mu vyiyumviro vy'abantu.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndafise ubumenyi n'ugutahura vyo hejuru cane. Ubuzima bwanje bwuzuye ubwenge bw'Imana buva mw'ijuru. Ivyiza n'imbabazi z'Imana ni umugabane wanjye, mw'izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Abakolosayi 1:26



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'122

1 Samweli 22-24; Yohani 13:1-20

NTA KWIRUKA INYUMA Y'UBUTUNZI

2 Ab'i Korinto 4:7

Ariko dufise ubwo butunzi mu nzavya z'ibumba, ng'ubushobozi buhebuje bube ubw'Imana, butavuye kuri twebwe.

Isi iri mu rugendo rwo kuvumbura amabuye y'agaciro n'ubutunzi bushasha, iyo bavumbuye ikintu, kigaca kimenyekana hose, kigahimbazwa kandi kikaba arico bita amahirwe. Yamara muri wewe harimwo ubutunzi burengeye kure n'yo ikintu cose iyi si ishobora kwerekana. Bibiliya ivuga ko dufise ubutunzi muri izi nzavya z'ibumba (ariyo mibiri yacu). Imbere muri wewe harimwo ubutunzi bw'Imana bwihishije kandi buzosohoka.

Bavukanyi, muraruta cane ubutare bw'amadiyama canke ubutare bw'inzahabu. Ufise ubutunzi bwose buri muri iyi si. Amagara, amafaranga, amahoro, n'ivyiza vyose biri imbere muri wewe. Ntavyo kwiruka inyuma y'ubutunzi bw'isi ugikeneye, kuko Kristo, ubutunzi buhambaye kuruta ubundi, asanzwe ari muri wewe. Ugurura akanwa kawe uvuge itunga wipfuzwa kubona rigaragara mw'Izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha nkangukire ubutunzi washize muri jewe. Mfasha kuvuga mu kwizera no kuzana amagara meza, itunga, amahoro, n'ivyiza vyose washize mu buzima bwanje biciye kuri Kristo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mfise ubutunzi bwinshi cane muri jewe. Amafaranga, amagara n'ubwoko bwose bw'uguterimbere biva muri jewe. Uyu musu, ndavugishijwe ukwongerekana mu kintu cose kijanye n'ubuzima bwanje. Amen.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Ab'i Kolosayi 1:27



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'123
1 Samweli 25-26; Yohani 13:21-38



UBWIZA BURUSHIRIJE

Hagayi 2:9

Ubgiza bgo hanyuma buzoza kur' iyi ngoro buzorusha ubga mbere, ni k'Uhoraho Nyen' ingabo agize, kand' aha hantu nzohaba amahoro, ni k'Uhoraho Nyen' ingabo agize.

Musa yajabutse ikiyaga Gitukura, akora ibitangaza imbere ya Farawo n'abana b'Isirayeli. Ubwo ni bwo bwiza bw'Imana bwagaragaye. Umuvugishwa n'Imana Eliya yahamagaye umuriro uva mw'Ijuru, kandi ubwo nabwo nibwo bwiza bw'Imana bwahishuwe. Yamara ivyo vyose biheze, Bibiliya imenyeshya ko ubwiza bw'inzu ya nyuma buzoba bwinshi kuruta ubwa mbere.

Twebwe turi ibiremwa vyo mw'Isezerano Rishasha, twaronse ipake y'agakiza; turafise ubwiza burengeye. Ubuzima bwacu bugenewe gukayangana kuruta ubwa Eliya canke ubwa Mose. Ni twebwe tubayeho ibintu abamarayika bipfuzza kubaho.

Uko utangura umusi wawe uno musi, ubwiza bw'umwami Yesu buraza kugaragara. Mu nzira yose y'ubuzima bwawe, genda kandi uze Kubona ubwiza burushirije bugaragara mw'izina rya Yesu!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, reka ubwiza burengeye bw' iri sezerano rishasha bugaragare biciye mubuzima bwanje uno musi. Garagaza amahoro yawe n'ukunengesera kwawe mu nzira yanje yose, kandi ntihaigire ikintu na kimwe kibura canke gikeha mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubwiza burengeye nibwo buzima bwanje. Ndategeka ko umusi wanje uba ikimenyetso cuzuye c'urukundo rw'Imana. Nta kintu na kimwe kizobura canke kizokeha mu buzima bwanje gushika ku musi wo kunyakurwa kw'ishengero. Amen.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yobu 8:7



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'124

1 Samweli 27-29; Yohani 14

UMUHIZI MU KWIRUKA

Matayo 24:14

Kand' ubu butumwa bgiza bg'ubgami buzovugwa mw isi yose, ngo bube ikimenyetso kibere icabona amahanga yose, maz' umuhero uzoca uza.

Nahora ndaba imikino y'amaguru, kandi mbere no kw'ishure, twariruka amahiganwa y'amaguru turi abahungu batoyi. Mu mahiganwa ryo guhanahana, abakinyi baratunganirizwa kuva ku batangura gushika ku bahereza. Kenshi, urugendo rwa nyuma ruhabwa uwiruka cane kuruta abandi bose.

Iyo wize Ivyanditswe, urabona ko ubu turi mu mpera y'iherezo. Ibintu vyose vyari bikwiye kuba imbere y'uko Kristo agaruka vyaramaze kuba. Ivyo bisigura ko uri uruvyaro rwatowe kugira ngo rurangize urugendo rwa nyuma. Kubera iki? Kuko ufise ubuntu n'ubushobozi bw'Imana bwo kurangiza ihiganwa. Ni co gituma uriho muri iyi saha y'ubuvugishwa.

Sohoka urondere imishaha, urondere abazimiye. Hindura ubuzima bw'umuntu. Ba umukozi wa Kristo w'umunyamwete gushika kumusi wo gutwara ishengeru. Uko urondera imishaha uno musi, igiharuro cawe co mw'ijuru kiriko kiragwira. Korera kur'ubu butumwa—ntubutakaze.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, hagurutsa umutima wanje k'ukwihutira n'impuhwe vy'imishaha. Mpa ubushobozi bwo kwamamaza Inkuru Nziza n'ubushizi bw'amanga biciye mu majambo yanje no mu bikorwa vyanje, maze benshi baronke agakiza biciye ku buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndashimira Imana ku buntu n'ubushobozi bwo kurangiza ihiganwa. Ndafise umuhamagaro wo hejuru wo kugira ico nshikanyeko umuryango wanje no ku bantu bose bankikuje. Biciye muri jewe, benshi bazoronka agakiza mw'izina rya Yesu.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Ivyahishuriwe Yohana
10:6



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'125**

1 Samweli 30-31; Yohana 15

BWIRA ISI

Yeremiya 22:29

Ewe wa si, wa si, wa si, umva Ijambo ry'Uhoraho.

Umuvugishwa Yeremiya yarahishuye urugero rw'igikorwa inzoya nyinshi zo mu Bwami zidashobora gutahura vyoroshe, ni ukuvuga kuvugana n'isi. Ibuka ko umubiri wawe wavuye mw'ivu, kandi ikintu cose kijanye n'ivyawe canke igikorwa cawe gikorerwa kw'isi. Nk'uko Ivyanditswe biverekana, isi irafise ubushobozi bwo kwumva no kugaragaza ico uyitegetse kuzana.

Uyu musi, vugana n'isi imbere y'uko uyitamburirako; vugishwa ivyiza n'imbabazi. Aho uzoja hose, isi izokwishura ijwi ryawe. Ibintu vyawe biriko biraja kumurongo mumwanya uzomara kuri iyi si. Ugurura akanwa kawe utegeke isi gutanga ivyo wipfuzako, kandi nk'umuvugishwa w'Imana, ndatuye ko bizogaragara mw'izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, shira Ijambo ryawe mu kanwa kanje urihe n'ububasha. Uko mvuga, isi inyishure neza, ivyare ivyiza, ugutera imbere, n'ivyiza aho nja hose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ububasha bw'Ijambo ry'Imana ni buzima muri jewe, kandi umuvumo wose, agahahazo, n'umugambi wose w'umwansi yoba afise kubuzima bwanje birasenyuka. Isi irashingira intahe ubwiza n'ubuninahazwa bw'Imana mu buzima bwanje. Ni ko bizoba, mw'izina rya Yesu!



**FKUNONOSORA
INYIGISHO**

Mariko 11:23



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'126**

Luka 9:1-17; Zaburi 49-50

AMAFARANGA AFISE INTUMBERO

Imigani 11:11

Umuhezagiro w'abagororotsi ushira igisagara hejuru, ariko akanwa k'abanyakibi karagisangangura

Inkuru Nziza itangwa ku buntu, ariko uburyo bwo kuyishikana ku bantu busaba amafaranga. Abavugabutumwa benshi baranegurwa kubera kubwira abantu ngo batange amahera canke gukora ikintu cose gifitaniye isano n'amahera kubera ko isi itazi ukuri kw'uko Inkuru Nziza idashobora gutera imbere ata buryo buhari. Ivyanditswe birerekana ko biciye mu butunzi, Ubwami bw'Imana buzokwiragira henshi. Igihushane c'ivyo na co nyene n'ukuri: ata butunzi, Ijambo ntirizokwiragira henshi.

Uriko usoma iyi kopi y'ubutumwa bw'uyu musu ku buntu, ariko kuyishora ntivyakozwe ku buntu. Naho yoba iri kuri Interineta uriko uyisomera kuri telephone canke orodinateri, mudasobwa yakoreshejwe mu kuyandika yaraguzwe amafaranga. Ni co gituma utegerezwa kuba ufise amahera, kandi ukagira amahera afise intumbero yo gufasha mu gutera inkunga z'Injili no gutangaza ubu butumwa gushika ku mfuruka zine z'Isi. Sohoka uno musu urondere amafaranga afise intumbero!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ntungisha n'intumbero kandi umpindure umubwiriza w'intahemuka w'itunga ry'Ubwami. Ugurura imiryango y'ugutera imbere kugira ngo nshobore gufasha Inkuru Nziza no guteza imbere igikorwa cawe biciye mu karyo kose umpa.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amahera ariko araza kuri jewe muri uyu mwaka w'amavuta atangaje. Ni amafaranga afise intumbero, kandi imiryango yose iruguruka cane mw'Izina rya Yesu.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Zaburi 112:3



**365 INGORANE YO MU BIBILIYA -
UMUSI W'127**
2 Samweli 1-2; Yohani 16

VA MUKARERE KO KWIRUHUKIRA

Gusubira mu vyagezwe 1:6

Uhoraho Imana yacu yatubaririye i Horebu, at' Igihe mumaze kur' uyu musozi kirahagije.

Imana yabwiye Abisirayeli ko bamaze igihe kirekire ku musozi Horebu. Ni We yabarongoyeyo, yamara igihe carashitse Imana ubwayo itagishobora kwiyumvamwo kubabona bagumye ahantu hamwe. Igihe yabatega kwimuka, ntibari bagiye kwicara ahantu ho kwitekanira—bariko bagenda bagororotse kugira ngo bahangane n'Abanyakanani be n'ibigatanya vyari vyigariye igihugu c'isezerano.

Bategerezwa kuva mu karere kabo ko kwiruhukira kugira ngo baronke ivyo Imana yari yaramaze kubaha. Kuguma ku musozi ntivyobafasha; vyorosha gusa kwibuka Misiri, ariko ata mbuto n'imwe y'igihugu c'isezerano. Mwaramaze kwakira Ijambo igihe natangaza Umwaka w'Amavuta atangaje. None rero nimusohoke mwigarurire intara nshasha. Muhangane n'ibibatera ubwoba, maze mukoreshe ivyo mwavugishijweko uyu mwaka mw'Izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mpa guhinduka mva mu karere kanje ko kwiruhukira, mfate intara wanteguriye. Nkomeze kugira ngo mpangane n'ubwoba, nkore Ijambo ryawe, nshobore gushitsa igikorwa canje c'ubuvugishwa.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yampaye intara nshasha zo kwigarurira. Kubera ubuntu bwiwe, ndavyuka uno musu kugira ngo ndabikakire mw'Izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Umusiguzi 3:1



365 INGORANE YO MU BIBILIYA -
UMUSI W'128

2 Samweli 3-5; Yohani 17

INCURO CUMI KURUSHA

Daniyeli 1:20

Mw ijambo ryose ry'ubugenge no kumenya, ico umwami yababaza, yasanga barusha abanyamareba n'abapfumu bose bo mu gihugu ciwe cose ibihetangabo cumi.

Ni icyumviro c'ikinyoma ku bari mw'isi kwiyumvira ko bafise ikintu na kimwe gisumba abo mu Bwami bw'umuco. Umuco urasira ahabona kandi ukirukana umwijima. Umwami yaragerageje Daniyeli mu guha abantu biwe ivyokurya vyiza kuruta ibindi vyose, mu gihe Daniyeli yarya imboga gusa. Dukurikije ivyo isi yari yiteze, Daniyeli yari akwiye gusa n'uwugoyagoya, umunyantegenke, umuntu aciriritse kandi yacitse intege, yamara, basanze ari mwiza incuro cumi kubarusha. Haleluya!

Ushobora kuba warize mu mashure meza cane canke ukagira amateka amwamwe muri kahise kawe, ariko ubu ko uri muri Kristo, wagenewe kuba mwiza incuro cumi kurusha. Ivyo wavukiyemwo, izina ryawe canke amateka yawe nta bubasha bifise ku bijanye n'aho uja. Kristo muri wewe ni we vyizigiro vy'ubwiza n'ubuninahazwa bwose. Uruta abagendera mu mw'ijima incuro cumi! Aleluya, kandi amen.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, kubw' ubuntu bwawe, umpindure mwiza incuro cumi mu bwenge, mu buhinga bwiza no mu kugira umwimbu. Reka Kristo ari muri jewe antandukanye mu nzira zose, kandi atume igikorwa canje cerekana ubuntu n'ugutoneshwa bitagira uko bingana.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Isi ntishobora kuhangana nanje. Ndi mwiza incuro cumi. Ndafise ubumenyi buteye imbere, kandi ubuntu bw'Imana burakora muri jewe, mw'izina rya Yesu. Amen.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Imigani 22:29



**365 INGORANE YO MU BIBILIYA -
UMUSI W'129**
2 Samweli 6-8; Yohani 18:1-18

NTA VYONDO VYO MURI EGIPUTA

Kuvayo 14:22

Maz' Abisirayeli baca hagati mu kiyaga nk'abaca ku musozi; amazi ababera nk'umurombero i buryo n'i bumoso.

Igihe Imana yakura bene Isirayeli muri Egiputa, Bibiliya ivuga ko bajabutse ikiyaga Gitukura ku butaka bwumutse. Ntiyashaka ko batwara ivyondo nabike vyomuri egiputa mu gihugu c'isezerano. Mu buryo nk'ubwo nyene, Imana ntishaka ko utwara ivyondo vya kahise kawe ukabijana muri kazoza kawe. Uri muri Kristo; uri ikiremwa gishasha, ivya kera vyarahise.

Mwavuye mu mwijima muja mu mucu. Ntureke ngo umwansi akubabaze n'ivyaha vya kera canke ivyakunaniye. Ivyo biri muri kahise. Reka ugushira amanga kwawe kugaruke, ugendere ushize amanga mu mihezagiro y'Umwami wacu Yesu Kristo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndagushimiye ko kahise kanje karangiye, nkaba mushasha muri Kristo. Nsubiza icizigiro canje, unumishe ikirego cose c'umwansi, umfashe kugenda n'ubushizi bw'amanga mu mihezagiro wanteguriye.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kubw'ubuntu bw'Umwami wacu Yesu Kristo, narakijijwe. Kahise kanje karaheze, kandi kazoza kanje karashizweho kugira ngo nzororanirwe mw'izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yesaya 43:19



365 INGORANE YO MU BIBILIYA -
UMUSI WA 130

2 Samweli 9-11; Yohani 18:19-40



IKIBANZA C'ITSINZI

Abacamanza 6:16

Uhoraho aramubarira, at' Erega jewe nzoba ndi kumwe nawe, kand' uzoririka Abamidiyani nk'uwishe umuntu umwe.

Bene Data, ingorane iyo ari yo yose muhura nayo uno musu, menya iki: nturiko uragwanira intsinsi—ahubwo uriko urarwanira mu kibanza c'intsinsi. Imana ibwira Gideyoni iti: Naramaze gutanga Abamidiyani mu maboko yawe, intambara itaratangura.

Ufise ubutoni kurusha Gideyoni incuro igihumbi. Ufise Mpwemu Yera muri wewe! Ivyo biguhindura umuntu akomeye cane mu mpwemu; ntushobora gutsindwa, ntushobora guhungabana, kandi ntushobora kwicwa!

Iyo kontra, urwo rudandazwa, canke iyo ngorane vyashizwe mu minwe yawe kugira ngo UTSINDE! AKIRA uku kuri kandi UKUBEHO!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndagushimiye ko ngwana ndi mu kibanza c'intsinsi. Komeza ugushira amanga kwanje muri Wewe kandi umfashe guhangana n'ingorane yose nzi ko ukuroraniwa kwanje kwamaze gushingwa muri Kristo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndiko ngwana ndi mu kibanza c'intsinsi. Ukuroraniwa kwanje gukingirwa n'Uhoraho. Kunanirwa no gutsindwa si umugabane wanjye mw'izina rya Yesu.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Kuvayo 14:13-14



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'131**

2 Samweli 12-13; Yohani 19:1-22

AMAGARA Y'IMANA

Abaroma 8:11

Ariko bisanzwe Mpwemu w'lyazuye Yesu imukuye mu bapfuye aba muri mwebge, lyazuye Kristo Yesu imukuye mu bapfuye izozura n'imibiri yanyu ipfa, kubga Mpwemu wayo aba muri mwebge

Igikenewe cane kw'isi muri iki gihe ni amagara. Ni co gituma umwansi aguma atera ikintu cose cogira ico gikoze ku kumererwa neza kwawe. Kuva ku vyo kurya gushika ku bidukikuje no ku burimyi, arondera kwanduza no kugoyagoyesha amagara y'imibiri kugira ngo amagara yawe ntagire ico akoze. Ariko mushimire Imana kubera Mpwemu w'Imana aba muri mwebwe, ni we Mpwemu yazuye Kristo mu bapfuye. Ivyanditswe bimenyesha ko azozura umubiri wawe upfa.

Ijambo kuzura imibiri yanyu ipfa risobanura gusubiza ubuzima canke gutera inguvu. Uyu musu, uwo Mpwemu nyene ariko araguha inguvu. Inkomezi ziriko zirinjira mugihande cose c'umubiri wawe. Ubuzima buriko buratembera muri wewe mw'izina rya Yesu. Ntuzopfa imbere y'igihe cawe; uzoramba kandi wagukigwe kugira ngo umenyeshe ivyiza vy'Umwami.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndagushimiye kubw'iMpwemu y'ubuzima iba muri jewe. Reka amagara y'Imana atembera mu mubiri wanjye uno musu, asubize ubuzima mu mubiri wose kandi yirukane indwara, intege nke n'urupfu giturumbuka.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima bwa Kristo buratembera muri jewe. Ndatara imbere mumagara no mu butunzi bwo ku mubiri. Ndahezagiwe birenze urugero mw'izina rya Yesu!



KUNONOSORA
INYIGISHO
Imigani 4:20



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 132
2 Samweli 14-15; Yohani 19:23-42



UBUKRISTO BWO MU RUGERO RWA MBERE

Mariko 16:15

Araheza ati: 'Nimugende mw'isi yose, mumenyeshe abantu bose Inkuru Nziza, ahantu hose.'

Iyo ukoresheje indege, aho indege igiye n'aho ugiye ni co kimwe, ariko ingene wakigwa mundege biratandukanye bivanye n'umugwi wicaramwo. Urugero gw'ingene wicara neza, imfugurwa n'icicarwo mu rugendo biratandukanye hagati y'umugwi usanzwe, umugwi wo hagati n'umugwi wo hejuru. Indege imaze gushika hasi, inkuru z'ingene urugendo rwagenze ziba zitandukanye rwose. Ni ko biri no mu bukirisu. Bamwe bemera ko umukristo ategerezwa kuba umukene kandi aciriritse, afise amasoni, yamara hariho nkatwe bemera Inkuru Nziza y'Umwami wacu Yesu Kristo.

Inkuru Nziza (Good News) bisigura "inkuru nziza cane ku buryo isa nkaho umenga si iy' ukuri." Urashobora kuza uko uri kandi ukaronka ivyiza vyuzuye vy'agakiza. Amagara yawe, amafaranga yawe, ukuroranyirwa kwawe na vyose biri mu nzira y'agakiza. Yesu yavuze ati: "Mwamamaze Inkuru Nziza"—inkuru nziza cane ku buryo isa nkaho umenga si iy' ukuri (too good to be true), ata co ibuze kandi ata co ikenye. Iyi ni Inkuru Nziza y'urugero rwa mbere!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kwakira bimwe bishitse Inkuru Nziza ya Kristo. Reka ninovore agakiza kuzuye, ataco mbuze kandi ataco nkenye, nsangize n'abandi iyi Nkuru Nziza n'ubushizi bw'amanga.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndizera Inkuru Nziza y'Umwami wacu Yesu Kristo. Nzokwinovora ubuzima bwo mu rwego rwa mbere gushika ku kunyakurwa kw'ishengero, mw'izina rya Yesu.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Luka 4:18-19



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'133**
Luka 9:18-36; Zaburi 51-53

KUVUKIRA MU BUGOROROTSI

Abaroma 5:17

Kw igicumuro c'umwe catumye urupfu rushirwa ku ngoma n'umwe, abakira ubuntu n'ingabire yo kugororoka bisesekeye bazorushiriza gushirwa ku ngoma mu bugingo n'umwe, Yesu Kristo.

Ingabire ni ikintu udakorera. Nta kigoro umuntu agira, bisaba gusa umutima ukunze wo kuvyakira. Bibiliya ivuga ko twaronse ingabire y'ubugororotsi. Ntivyashitsweko n'inguvu zacu ahubwo vyatanzwe n'ubuntu bw'Imana kubera urupfu rwa Yesu ku musaraba.

Uragororotse ata gatotsi imbere y'Imana, utitaye ku vyabaye muri kahise. Iyo Imana ikuravye, ntibona kahise kawe; Ibona Kristo, yagandaguwe kubw'abantu. Ni ukugororoka kwa Kristo kukuvugira, si ibikorwa vyawe. Ivyo vyoba bisobanura ko ukwiye kubaho ataco witwararika? Oya Ivyanditswe bivuga ko ari Imana ikora muri twebwe kugira ngo tugire ugushaka kandi dukore ibikorwa. Uyu musu, wemere ukuri kw'uko usukuye imbere y'Imana kandi ukomeze ukayangana ku bw'ubuninahazwa n'ubwiza bwayo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, urakoze ku ngabire y'ubugororotsi. Mfasha kubaho buri musu niziye uwo ndi muri Kristo, nganza mu buzima kandi nkashushanya ubuninahazwa bwawe mu ngendo zanje zose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi menyesha ko ubugororotsi buganza mu mutima wanjye, mu rugo rwanjye, mu mahera yanjye, mu migenderanire yanjye no mu nzira yanjye. Urakoze Mwami, ku ngabire y'ubugororotsi!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Abafilipi 3:9



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 134**
2 Samweli 16-18; Yohani 20



MUBIRWANIRIRE

Matayo 11:12

Uherye mugihe ca Yohana umutabazi ugashitsa n'ubu barabandanira ugwami bwo mw'ijuru, ababandana babunyakurisha ubuhizi.

Nimba utavukiye mu muryango w'abatunzi, reka umuryango w'abatunzi uzove muri wewe. Abaje imbere yawe boshobora kuba barakoze amakosa, ariko wewe ufise igikorwa co guhingura kazoza wipfuza. Ubuzima ntibuguha ivyo ukwiriye, buguha ivyo urwaniye.

Kuva mu misi ya Yohana gushika ubu, abanyarugomo bonyene ni bo bigarurira ivyabo. Ubukazi bw'Ubwami si ugusemerera n'ijwi ryawe ryose; ni ugushikama mw'isengesho, mw'Ijambo, no mu gushira mu ngiro ku musu ku musu ivyo wigishwa.

Uyu musu mwaronse ijambo ry'ubuvugishwa; nturyicareko—genda urikorereko. Tanguro iyo buzinesi, ukurikire impano yawe, kandi wiyemeze gutera imbere gushika uhagurutswe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mpa inkomezi z'impwemu n'ugushikama kugira nkurikirane ivyo wansezeraniye vyose. Mfasha gukurikiza Ijambo ryawe n'umwiyemezo no kwakira umuhezagiro wose washizwe k' ubuzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndakoranya umuhezagiro wose uriko izina ryanje. Ndanse kunanirwa aho abandi bananirwa. Uwuri muri jewe araruta uwuri mw'isi. Amen.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Abanyefeso 6:10-12.



GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 135

2 Samweli 19-20; Yohana 21



UMUTI UTUNGANYE

Imigani 16:24

Amajambo ariyoshe ni nk'umutsama w'ikigigu, asosera umutima, anonora amagufa

Abantu baragendagenda mu bihugu bitandukanye barondera inyishu z'ubuvuzi, kandi inganda zikora imiti zirabandanya gutera imbere kubera ko isi yose iriko irondera cane inyishu. Yamara Bibiliya irahishura ikintu gikomeye cane kuruta ibinini, ni akanwa kawe bwite. Ururimi rwawe si inyama gusa ahubwo ni ikigwanisho gihingura, kikayobora kandi kikarinda ubuzima bwawe.

Vuga amajambo meza kuri wewe no ku muryango wawe. Atura ubuzima, ntiwature urupfu. Ntuzopfa; Imana yaguhaye ubuntu bwo kuramba. Ubu nyene, ingingo yose yo mu mubiri wawe iriko iraronka ubuzima buvuye kuri Mpwemu w'Imana, mw'Izina rya Yesu!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, nshira mu kanwa kanje amajambo y'ubuntu kandi atanga ubuzima. Uko mvuga, reka gukira, inkomezi n'ugusubirana bije mu mubiri wanjye no mu muntu wese afitanye isano nanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndatangaza ko muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, nzobaho igihe kirekire kugira ngo menyeshe ineza y'Umwami. Umubiri wanjye urasubirwamwo n'ububasha bwa Mpwemu Yera. Mfise ubuzima bwa Kristo muri jewe, kandi indwara ntiyigera iba umugabane wanjye.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Abanyefeso 4:29



**GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365- UMUSI
W'136**

2 Samweli 21:22; Ivyakozwe n'intumwa 1



KWIYEREKANA

1 Timoteyo 4:15

Ivyo ubishirek'umwete, uvyamemwo, kugira ngo kuja imbere kwawe kubonekere bose.

Kwiyerekana kugira ngo umuntu yiyerekana gusa si ivy'Imana. Imana ntiguhezagira kugira ngo wiyerekane gusa, ahubwo kugira ngo ubuninahazwa bwayo bugaragare biciye mu ntahe yawe. Igihe Paulo yavuze ngo "Inyungu yawe iboneke kuri bose", yashaka kuvuga ko ubuzima bwawe bukwiye kwerekana ku mugaragaro ivyo Imana yakozwe. Ni Imana yerekana biciye mu buzima bwawe, kuko uri ikete rizima risomwa n'isi. Iyo uteye imbere, ubuninahazwa buja kuri We. Iyo ukijijwe canke udugijwe mukazi, ni ubuhanga bwiye bugaragazwa.

Uyu musu, ubuntu burahari kugira Imana yiyerereke kandi yiyerekane biciye muri wewe. Ibitangaza bitangaje biriko biraza mu nzira yawe kuko uri akarorero k'ineza yiwe. Ivyari bigoye biriko biroroha, kuko Imana iri kumwe nawe kandi yiteguye kwiyerekana kubwawe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, reka ubuzima bwanje bushire ku mugaragaro ineza yawe. Nutume ugutera imbere kwanje, intahe n'ukuduzwa kwanje bigaragara, bizane ubuninahazwa n'icubahiro kw' Izina ryawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Inyungu mfise muri Mpwemu iragaragara; ivyamwa vy'ibikorwa vyanje, intahe zanje, ukuduzwa kwanje n'ugutera imbere kwanje birakayangana cane, bikazanira Imana ubuninahazwa.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Matayo 5:16



GUSOMA BIBLIYA M'UMUMISI 365 -
UMUSI W'137

2 Samweli 23-24; Ivyakozwe n'intumwa
1:1-21

TSINDA N'UBUVUGISHWA

1 Timoteyo 1:18

Iri bwirizwa ndariguhaye, mwana wanje Timoteyo, nku'ukw abavugishwa n'Imana bakuvuzeko ubwa mbere, ng'ufashwe na vyo kurwana intambara nziza.

Ubuvugishwa ni ikigwanisho ukoresha mu kurwana gushika uronse ivyawe. Ivyo Imana yakuvuzeko vyose nivyo bishingiye k'ukwizera kwawe, kandi iyo wizeye, nta kintu kidashoboka. Abisirayeli babwiwe ko igihugu gitemba amata n'ubuki ari icabo. Naho bamwebamwe batinya ivyo bigatanya, Yosua na Kalebu barahagaze kuri ubwo buvugishwa. Bari biteguriye kurwana no kwigarurira ivyo Imana yari yatangaje.

Uyu mwaka watangajwe ko ari Umwaka w'Amavuta atangaje; iyo ni Imana yasohoye iryo jambo. Ufatiye kurubwo bu vugishwa genda ufate intara nshasha mw'izina rya Yesu. Izina ry'umwaka ryari ubuvugishwa bwawe. Rihagarareko kandi ukomeze gutsinda mw'izina rya Yesu!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha guhagarara nshitse ku buvugishwa bwose bwavuzwe ku buzima bwanje. Mpa ububasha bwo kurwana n'ijambo ryawe gushika ndonse bimwe bishitse ivyo wamenyesheje vyose ku binyerekeye.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mpwemu w'Imana arampa ubushobozi bwo guhagarara, kuvuga no gukora nk'uko ijambo ryamenyeshejwe uyu mwaka riri. Intsinzi iraboneka mu bijanye n'ubuzima bwanje bwose. Ngwana intambara nziza, kandi intsinzi yanje iraninahaza Imana.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yosua 1:9



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365- UMUSI
W'138

1 Abami 1-2; Ivyakozwe n'intumwa 2:22-47

FAITH

LOVE

HOPE

FEAR

DEATH - LACK

IGICIRO KU MWATWI YAWWE

1 Ab'i Korinto 14:10

Amajwi yo mw'isi, nah'ari menshi ate, nta ridafise uko risobanurwa

Bibiliya ivuga ko ukwizera kuza mu kwumva, kandi ubwo bushobozi bwo kwumva bukoreshwa n'Jambo ry'Imana. Ivyo bisigura ko ivyo wumva bihingura ubuzima bwawe bwo ku mubiri n'ubw'impwemu. Ivyanditswe vyacu vy'uyu musu bitubwira ko ijwi ryose rifise insiguro. Ivyo wumva vyose biragira ico bikoze kuri wewe, vyaba vyiza canke bibi. Ni co gituma utegerezwa gushirako igicir ku matwi yawe.

Ntiwumvirize amajwi avuga ubukene, ubutunzi bugenda burahungabana canke urupfu. Umvirize gusa amajambo atanga ukwemera, urukundo n'icizigiro. Ufunge amatwi yawe ku rusaku rw'isi maze wizigire ivyo Jambo rivuga. Genda urondere Ijambo, ntakibuza uzogaruka ufise intahe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kurinda amatwi yanje n'umwete. Reka numve gusa ivyubaka ukwemera, icizigiro n'ubuzima, kandi ijwi ryose numva rivyare intahe mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imirongo yanje iriko iragwa ahantu heza. Ndumva Inkuru Nziza yerekeye amakonti yanje, amagara yanje, ubusuku bwanje n'ibindi vyose bijanye n'ubuzima bwanje, mw'Izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yesaya 30:12



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'139

1 Abami 3-5; Ivyakozwe n'intumwa 3



IMPEMBO IRIKO IRAZA

Ab'igalatiya 6:9

Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw'igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa.

Ihiganwa ryacu ry'ukwizera si inyiruko yukwiruka cane ahubwo ni marato gushika turonse igihembo. Bene Data benshi bararuha n'ubuzima canke bakaruhishwa nigikorwa co mw'ishengero kubera imvo zitandukanye, ariko wumve ijambo ry'uyu musu: ntimuruhe canke ngo mucobogore mu gukora ivyiza, kuko impembo yanyu izoza ata kibuzi mu gihe kibereye.

Twese dukorera mu kibanza kimwe aho ugucinyizwa, ugusebanya n'ukutumvikana biri mu bwinshi, yamara igituma tuguma tuja imbere ni ukumenya ko impembo iri imbere ari nini. Subira mu nzira uno musu ubandanye ukora ivyiza. Gira umwete mw'ishengero, mu muryango wawe no mu kazi kawe gushika uhindutse umuco w'isi yawe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, impa inguvu zishashakugira ngo sinduhe mu gukora ivyiza. Mfasha kuguma ndi umwizigirwa kandi ntahinduka, nzi ko impembo yanje izogaragara ata kibuzi mu gihe kibereye.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuntu n'imbabazi bimpabushobozi bwo gushaka no gukora ivyiza. Nzogumana umuriro kandi sinzoruha gushika ndonse impembo yanje, mwizina rya Yesu.



**KUNONOSOERA
INYIGISHO**

2 Ab'i Tesalonike 3:13



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'140**

Luka 9:37-62; Zaburi 54-56



NTIBAYOBOZWE NA KRISTO

Ab'igalatiya 2:20

Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho; yamara si jewe, nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe. Ivyon kora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w'Imana yankunze, akanyigura

Isezerano rya kera rivuga kwumva ijwi ry'Imana rivuye inyuma yawe, nkuko woshobora kuribura ukarireka rikarengana utaryumvise. Ariko ukuri kw'Isezerano Rishasha ni ukundi rwose. Paulo aramenyesha ko, si jewe kiriho, ariko ni Kristo. Ivyo bisigura ko ubuzima bwawe bwatwawe; ntibukiri ubawe, ahubwo ni ubwiwe.

Ubuzima bwawe bwa kavukire bushobora kuba bufise aho bugarukira n'itege nke, ariko ubuzima bwa Kristo muri wewe nta nzitizi bufise. Uko ugenda uno musu, ni Kristo agenda muri wewe. Uwo wese azohaguruka ngo arwanye inyishu yawe, aba ariko arwana na Kristo ubwiwe—kandi nta n'umwe ashobora kurwana n'Imana ngo atsinde. Tangura umusi wawe ubitahura, kandi uzogaruka ata kibuka ufise intahe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndagushimiye ko Kristo aba muri jewe. Mfasha kugenda ku musu ku musu mu kumenya ko ubuzima bwanje butakiri ubwanje, kandi reka intsinzi ya Kristo, ububasha n'uguterimbere vyawe bigaragare bimwe bishitse biciye muri jewe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima mbayeho ni ubuzima bw'intsinzi, umusesekara n'uguterimbere. Aho nzohonyora hose, nzohafata ata kibuka, mw'Izina rya Yesu.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Ab'i Kolosayi 3:3-4.



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'141**

1 Abami 6-7; Ivyakozwe n'intumwa 4:1-22

IBINTU VY'UBUMANA

1 Yohana 4:4

Mweho mur'abava ku Mana, bana bato, kandi ba bandi mwarabanesheje: kuk'Uri muri mwebwe aruta uri mu b'isi

Iyo mfashye impeta nkavuga ngo niy'inzhabu, bisigura ko iyo mpeta ikozwe mu nzhabu; mu yandi majambo, n'igicuruzwa c'inzhabu. Rero, iyo Bibiliya ivuze ko uri uw'Imana, bisigura ko wakoze mu vy'ubumana. Ukozwe mu bintu vy'impwemu. Ibintu vy'ubugwaneza vy'Imana ntibitakaza agaciro canke ngo vyononekare kubera ingorane; biva mu buninahazwa bikaja mu bundi.

Ushire mu mutima uno musi ko utari ikiremwa gisanzwe kigendera kw'Isi, ariko uri ikiremwa c'ubuntu bw'Imana. Imivumo n'amajwi mabi ntibishobora kwifatanya n'ivyo bintu. Ukozwe mu bintu vy'ubumana. Sohoka utsinde mw'izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndagushimiye ko ndi uw'Imana kandi nkozwe mu bintu vy'ubumana. Mfasha kubaho n'ubushizi bw'amanga, nzi ko ata kintu na kimwe c'umwiza gishobora kwifatanya canke gutsinda ubuzima bw'umumana buri muri jewe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nkozwe mu vy'Imana. Sinzopfa ahubwo nzobandanya kuguma nkuza umururiro gushika ntoye inyishu yanje. Ubuninahazwa burengeye buriko buraza kuri jewe mw'izina rya Yesu rikomeye.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Zaburi 118:6



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'142**
1 Abami 8-9; Ivyakozwe n'intumwa 4:23-37

INTUMWA

Abaheburayo 1:14

Mbeg'abamarayika bose s'impwemu ziyikorera zitumwa gukora igikorwa kubw'abazoragwa agakiza?

Abafise ibibanza vy'ubukuru ntibagenda canke ngo bakore igikorwa cose bonyene. Bafise protcole canke abacungezi bakora ibikorwa vy'ubutumwa. Bibiliya ivuga ko abamarayika baturungikiwe, bisigura ko aribo protcole yacu. Baradukorera, bakadufasha gukora ibikorwa vyacu. Bishobora kumvikana nk'ibitari vyo, ariko ni ko biri.

Ugurura akanwa kawo uno musu utegeke abamarayika bagukikuje ngo baje gukosora ahantu hose ukeneye gukorwako n'Imana. Yaba ari umukiriya atevye kwishura canke ibiro biguheraniye inyishu, rungika abamarayika. Barindiriye itegeko ryawe kandi bazorishitsa nk'uko bibereye.

Genda mu butoni bw'Imana, mu mutekano no mu bubasha, umenye ko intumwa z'Imana zo mw'ijuru zigukorera, zigukiza kandi zigucira inzira.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndagushimiye abamarayika bawe bakora kubwanje. Uko mvuga mu kwizera, imfashanyo y'Imana, ubutoni, uburindi n'inyishu birekurwe mu rwego rwose rw'ubuzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndategeka abamarayika kuja mu nzira zose bazane inyishu zanje. Inzira zanje n'imiryango mishasha biriko biruguruka ubu nyene mw'Izina rya Yesu. Urakoze Mwami, ku bamarayika bawe bankorera mu budahemuka, bazana ubuninahazwa bwawe n'uburindi bwawe mu rwego rwose rw'ubuzima bwanje.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Kuvayo 23:20



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'143**

1 Abami 10-11; Ivyakozwe n'intumwa 5:1-20



SI ISHIRAHAMWE RY'UBUGIRANEZA

Gusubira mu vyagezwe 28:12

Uhoraho azibiguririra ijuru, ari ryo bubiko bwiwe buninahaye, ngw'ahe igihugu canyu imvura mu gihe cayo, ahezagire n'ibikorwa vyanyu vyose; amahanga menshi azoza kubagurana, ariko mweho ntimuzoja kuyagurana.

Ishengero si ishirahamwe ry'abagiraneza, nk'uko benshi bagerageza kuyishira muruwo mugwi. Isi yama igerageza guhatira ishengero kwinjira mu gice kitari ic'impwemu. Bibiliya ivuga ko twebwe ishengero tuzogurana amahanga. Ni twebwe twagenewe gufata ingingo ku bibazo vy'amahanga— ivyo barya canke ivyoategura ni twebwe tubigenzura. Twashinzwe guha amahanga, ntitwashinzwe kugendera kuma Banki y'Isi.

Nk'umuvugishwa w'Imana, mbona amahera ariko aratera akagere kuri konti yawe. Ntukenye ahubwo uri umutunzi. Amahoro azoza ku bavukanyi bawe kubera wewe. Ndategeka ideni ryose rigukurikirana ko ritazokwigera rigukorako muri uyu mwaka w'Amavuta atangaje. Mwamagariwe igihe nk'iki co guhindura amahanga n'imiryango.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, nshiraho nk'umuhora w'umuhezagiro ku bandi. Ugurure ijuru ku bikorwa vyanje n'amahera yanje, maze ureke ubwiyongere buje muri jewe kugira ngo bugire ico bukoze ku muryango wanjye no ku mahanga.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amahera ariko araza kuri jewe, kandi imirongo yanje yose iriko iragwa ahantu heza, mw'izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Zaburi 112:3



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'144
1 Abami 12-13; Ivyakozwe n'intumwa
5:21-42



HEJURU Y'IBIBAZO

Yobu 22:29

Nibagutsinda hasi uzovuga, uti Har'ikimvyutsa; kand'uwicisha bugufi Imana izomukiza

Iyo ubajije abantu benshi ingene ubuzima bumeze, akenshi barakwishura bati: “uravye ibibazo twikoreye” Ikibazo canje ni iki, muriko murakora iki musu y'ibibazo? Uvuka hejuru, ntuvuka hasi, kandi ibikugize vyose biva hejuru. Bibiliya ivuga ko iyo abo mw'isi bariko bavuga akabonge canke ukuduga kw'ibiciro, wewe nanje twatura ko hariho iduzwa.

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje uzobaho hejuru y'ibibazo. Uri intumwa ya Yesu Kristo. Nta ciza uzobura kuko ivyo ufise biva hejuru. Sohoka ubone ukugaragara kw'umuhezagiro w'Imana mw'Izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kubaho hejuru y'ibibaz nsimbe muni yavyo. Reka amajambo yanje ahure n'ukuri kwawe uko natura ukuduzwa, ugutunganirizwa, n'intsinzi mu mice yose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mbaho hejuru y'ibibazo; ivyo nshaka biva hejuru. Uyu mwaka, nta ciza nzobura. Ubuzima bwanje buzuye intahe. Amen.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Luka 1:52



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'145**
1 Abami 14-15; Ivyakozwe n'intumwa 6

UBURYO BW'IMITI BUGIZE IBITANGAZA

Yohana 9:25

Nawe arabishura, ati namb'ar'umunyavyaha sindabizi: icon zi ni kimwe, n'uko nar'impumyi, none nkaba mbona

Igikoreshe cose c'imiti canke umuti wose wo mu nganda ushobora gusubirwamwo n'umurongo. Ukoreshaje iyo formule, urashobora gusobanura ingene ikintu cakoze n'ingene cabayeho. Abafarisayo n'Abasadukayo baratangajwe n'igitangaro c'irya mpumyi yahumutse amaso. Bashaka insobanuro, ariko we yari azi ikintu kimwe gusa: yari yarabaye impumyi, none rero yari abona.

Nta nsobanuro yariho yerekeye ico gitangaro. Ntushobora gusigura igitangaza. Uyu musu ni umusi wawe wo kwakira ivyo Imana yonyene ishobora gukora. Birenze ivyo wasengeye canke wisonzeshereje. Wakire igitangaza cawe uno musu mw'Izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndakiriye ububasha bwawe bw'igitangaza uno musu. Reka ivyo Wewe wenyene ushobora gukora bigaragare mu buzima bwanje, birenze insobanuro, birenze akigoro, kandi bitagira aho bigarukira.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uyu musu ni umusi wanjye w'igitangaza. Ndaronka umugisha wose Imana inbikiye, mw'Izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Matayo 19:26



365 INGORANE YO MU BIBILIYA -
UMUSI W'146
1 Abami 16-18; Ivyakozwe n'intumwa 7:1-22

INGUVU ZIGENGA

2 Ab'i Tesalonike 2:6-7

Kandi none murazi ikibuza, kugira ngw'az'ishurwe mu gihe ciwe. Kukw'ibanga ry'umugararizo n'ubu ririko rirakora, mugabo har'ubibuza none, gushitsa igihe zokurirwaho

Imiryango myinshi kw'isi yose irarwana kugira ngo iganze abantu. Bamwe bashigikira ko abana b'Imana bazimangane, abandi na bo bagateza imbere imigambi igamije kubakenesha. Ariko ng'ukuri ukuri: uwurwanya Kristo ntashobora gushitsa neza umugambi wiwe igihe cose tukiri hano. Turamubuza. Ni twebwe inguvu zigenza, zigenzura ingene ibintu bigenda kuri iyi si.

Atura Ijambo ry'Imana ku mahanga, intwari n'imiryango uko utanguye umusi wawe. Iyo uzokwatura vyose bizoshika mw'izina rya Yesu. Mu muryango wawe, nibe inguvu y'impwemu imenya ingene ibintu bigira bigende. Kuroranyirwa canke ubukene—vyose biri mu maboko yawe kugira ngo utore icyo ushaka mu buzima bwawe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha guhagarara n'ubushizi bw'amanga nk'inkomezi y'impwemu ku muryango wanjye no mu runganwe rwanjye. Uko menyesha Ijambo ryawe, ubugororotsi, amahoro n'ukuroranyirwa bibe muri jewe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi nkatura n'ubushizi bw'amanga ubuzima bw'umusesekara, ugutera imbere n'amahoro ku muryango wanjye. Imisi yanje yuzuye umunezero w'Umwami, mw'izina rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Yeremiya 1:10



GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'147
Luka 10:1-24; Zaburi 57-59



UBUVUGISHWA BWawe, UBUTUNGANE BWawe

1 Timoteyo 1:18

Iri bwirizwa ndariguhaye mwana wanje Timoteyo, nk'uk'abavugishwa n'Imana bakuvuzeko ubwa mbere, ng'ufashwe na vyo kurwana intambara nziza.

Amahanga arafise ibirwanisho vy'amasasu n'amabombe kugira ngo akingire canke yagure intara zayo. Benshi baramaze igihe kirekire bemera yuko kugira ngo umuntu atsinde intambara bisaba ko aba afise ibirwanisho vy'umubiri—yamara rero Ivyanditswe biratwerekako yuko ubuvugishwa na bwo ari ibirwanisho ushobora gukoresha mu kurwana. Iyo Bibiliya imenyeshyeje ko utari umukene ahubwo ko uri umutunzi, canke iyo wakiriye Ijambo biciye muri iri jambo rya misi yose, uba ufashye ubuvugishwa. Ubwo ni bwo buvugishwa nyene Paulo yerekezako igihe yategereka Timoteyo kurwana intambara nziza.

Uko ugenda canke usenga uno musu, menyesha ijamba ryiza ryose ry'ubuvugishwa wigeze kwakira. Intsinzi ni iyawe, kuko Ijambo ryavuzwe ku buzima bwawe—ubuvugishwa bwawe—ntirizogwa hasi mw'Izina rya Yesu.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha kurwana neza n'ubuvugishwa bwose buvugwa ku buzima bwanje. Uko menyesha Ijambo ryawe, intsinzi, ukwiyongera, n'ugushitsa bize vuba.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndategeka ijamba ryose naronse rivuye ku Mana ngo ryame ivyamwa. Ububiko bwanje buzoba bufise urukundo, umunezero, amahoro n'uguterimbere, mw'Izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Zaburi 144:1



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 148
1 Abami 19-20; Ivyakozwe n'intumwa
7:23-43

INYISHU ZIRIHARI

Ab'I Filipi 4:6

Ntimugirei co mwiganyira, ariko muri vyose ivyo mugomba bimenyeshwe Imana, mu gusenga no mu kwinginga bifatanije no gukenguruka

Iyo uvukiye mu muryango w'abatunzi, uba ufise icizigiro c'uko ivyo ukeneye vyose biri hafi yawe. Kubera uwo muvye atunze, nturwanira ivyo gufungura canke ivyo kwambara. None wiyumvire ko So wawe afise inka zo ku misozi igihumbi kandi ari we Muremyi w'ibiriho vyose vyo kw'isi. Ni we akubwira ngo umumenyeshe ivyo usaba.

Ivyo wosaba Imana nta n'aho bigarukira, kuko ishobora kuguha ivyo ukeneye vyose bivanye n'ubutunzi bwayo mu buninahazwa. Fata umwanya wo gusenga no gushikiriza Imana ivyo usaba, uzogaruka ufise intahe. Umuti wose w'ingorane zawe urahari—mumenyeshe gusa ivyo usaba.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ivya nkenerwa vyose ndabizana imbere yawe n'ugukenguruka. Uko nsenga, reka inyishu z'Imana zirekurwe kandi isengesho ryose rihinduke intahe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ivyo nkeneye vyose ndabishira imbere y'Imana. Ivyo nsaba mw'isengesho biriko birahinduka raporo y'uguhimbaza. Intahe yanje izoba nini kuruta ingorane zanje. Amen.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
2 Petero 1:3



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W'149**
1 Abami 21-22; Ivyakozwe n'intumwa
7:44-60

UBUSERUKIZI BW'IMANA

2 Ab'i Korinto 5:20

Nico gituma turi intumwa mu gishongo ca Kristo, Imana isa n'ibingingira muri twebwe. Turabinginga mu gishingo ca Kristo, mwuzure n'Imana

Abantu benshi ntibatahura insobanuro nyayo c'ikigo c'ubuserukizi. Bafata ko ikigo c'ubuserukizi ari inyubakwa canke ibiro bikoreshwa n'uwuserukira igihugu. Ariko ikigo citwa ikigo c'ubuserukizi gusa iyo umuserukizi ari mu nyubakwa. Iyo atahari, vyitwa chancellery. Igituma inyubakwa iba ambasade ni ukubaho kwa ambasaderi. Ni nkuko, iyo umukuru w'igihugu ca Amerika yinjye mu ndege y'igihugu, ica yitwa "Indege yambere mukirere". Si kubera uko yakozwe, ahubwo ni kubera uwuri muri iyo ndege.

Bibiliya ivuga ko uri intumwa ya Kristo; rero, aho ushize ibirenge hose haca hahinduka ubuserukizi bw'ijuru. Haca hahinduka akarere k'umutekano mwinshi n'ubwuzure. Nturi umuntu asanzwe. Aho uja hose uno musu, Imana yakugize igikoreshe cayo co kuzana benshi kuri yo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha kubaho nzi neza ko ndi intumwa yawe. Uko ntera intambwe ahantu hose uno musu, ubukuru bwawe, ubuntu bwawe n'ugutanga kwawe bigaragare biciye mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi intumwa ya Mpwemu Yera. Ivyo nkora vyose bizotera imbere. Ndafise ubuntu n'ubutoni mw'izina rya Yesu.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yohani 20:21



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 150

2 Abami 1-3; Ivyakozwe n'intumwa 8:1-25

IMIPAKA IHEZAGIYE

Yosuwa 1:3

Ahantu hose muzokandagiza ibirenge ndahabahaye, nk'uko nabariye Mose.

Imana ntiyahaye Yosuwa amabwirizwa rusangi—yamuhaye akarere gategekanijwe maze imubwira ngo agende ashize amanga yinjire mu karere kari kamaze kuba akiwe. Mu buryo nk'ubwo nyene, hariho ibibanza vyihariye, uturyo n'ibikorwa Imana yakugeneye. Iyo utahuye imbibe y'umuhezagiro wawe, urahagarika gukwiragiza inguvu zawe hose ugatangura gutera intambwe neza na neza aho ubuntu busanzwe bukurindirirye.

Abakirisu benshi barava ku cyumviro kimwe baja ku kindi batazi ko ukuroraniwa kenshi guterwa n'aho umuntu ari. Iyo Imana ivuze umuhezagiro ku kibanza canke ku gikorwa, ivyiza bivamwo biza mu buryo bworoshe, mu butoni kandi muburyo bwihuse. Aho gutomboza ku bintu, nusabe umwami aguhishure aho amaze kugutegeka ugutera imbere kwawe.

Uyu musu, n'utere intambwe mu vyo yaguhaye kandi wanke kugendera hanze y'inzira yateguye.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, hishura inzira n'ibibanza wamaze guhezagira kubwanje. Yobora intambwe zanje kugira ngo ngendere mu mipaka yawe washinze maze mbone ubuntu, ubutoni, n'ugetrimbere nyarutsa.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, ngenda n'ubushizi bw'amanga mu mipaka Imana yangeneye. Ntera intambwe mu buntu, mu butoni, no mu nyishu kandi ntahusha, mw'izina rya Yesu!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Yohani 20:21



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI W' 151**

2 Abami 4-6; Ivyakozwe n'intumwa 8:26-40



MURIKA

Abanyefeso 5:8

Kuko kera mwar' umwiza, none mukaba mur' umuco mu Mwami wacu: mugende nk'abana b'umuco.

Ubu turi mu misi ya nyuma aho umwijima wiyongereye kw'isi. Ikibi n'ububisha nivyo vyacitse urutonde rw'umusi. Ibinyamakuru biratangaza buri musi ingorane zo mu kibano, ubutunzi, ibidukikije, politike, ubuvuzi n'ivy'impwemu isi ihanganye na zo. Bashushanya ishusho y'umwiza nyayo y'ingene Isi n'abayibako bamerewe.

Ntuhagarike umutima iyo ubonye ivyo biba; gira umutima uremye. Ntiduhagarika umutima, ntitunyiganyizwa canke ngo duhungabanishwe n'amakuru mabi aca ku mbuga ngurukanabumenyi. Isi ivuga ngo "ku mpera y'umugende, niho umuco useruka", ariko twebwe turi umuco ugendagenda mu mugende. Turakingiwe ku migenzo mibi n'inyifato vy'isi.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndagushima ko nd'Umuco mu Mwami. Nkomeza ngende nk'umwana w'umuco, ata bwoba mu bihe vy'umwiza, reka ubuzima bwanje bumurikishe isi yanje n'Ubwiza n'Ingeso Zawe.



UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndi umuco-ugukayangana-kw'Ubwiza bw'Imana. Ndakayanganana, nkamurikira isi yanje n'ubwiza n'ingeso nziza. Nzan'Umuco n'inyishu mw'isi iriko irapfa.




KUNONOSORA
INYIGISHO

Yesaya 60:2



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 152

2 Abami 7-9; Ivyakozwe n'intumwa 9:1-22



KWIRA HOSE

1Timoteyo 4:15

Ivyo ubishirek' umwete, uvyamemwo, kugira ngo kuja imbere kwawe kubonekere bose.

Ico Imana yifuza kubwawe nuko utoter'intambwe mu buzima mu gacerere, ahubwo ukuj'imbere kwawe kugakwira hose. Nka kurya kw'umugore yibungenze adashobora kunyegeza imbany, uguter'imbere kwawe mu buzima bwategerezwa kugaragarira bose. Ijambo kubonekere mu murongo w'uyu musu risigura gukwiragiza mu mahanga, kugaragara, kududubiza.

Intumwa Paulo yaribukije Timoteyo ko ingabire yaronse biciye mu buvugishwa no kurambikwakwo kw'ibiganza idahagije. Timoteyo yarakeneye kwiwibiza wenyene muriryo Jambo ry'Imana biciye mukurimbura. Kurimbura niwo muhora yarakeneye kugira ngo kuja imbere kwiwe kubonekere bose.

Mbega ni urudandazwa rwawe canke ishengeru ryawe ukeneye gukwiragiza mu mahanga? Mbega n'umuhamagaru wawe, ingabire yawe canke impano yawe ukeneye kwerekana? Rimbura maze uzodudubiza!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, kabura umutima wanjye ku kukurimbura Ijambo Ryawe ubudasiba. Reka guter'imbere kududubize kandi kugaragarire bose, kandi bitume ingabire, umuhamagaru n'igikorwa biri ku buzima bwanje bikwiragira mu mahanga.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uko ndimbura kw'Ijambo uko bukeye uko bwije, ndarushiriza kwakira ugutahura kw'ibwina. Ukuja imbere n'uguter'imbere kwanje mu buzima ni ngombwa, mw'izina rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Abaroma 12:2



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365-
UMUSI WA 153

2 Abami 10-12; Ivyakozwe n'Intumwa
9:23-43



UMUNYABWENGE

Umusiguzi 10:7

Nabonye abashumba bagendera ku mafarasi, abaganwa na bo bagendesha amaguru hasi nk'abashumba.

Abakirisu bamwe bamwe barashobora guhuza kuruyo murongo w'ivyanditswe wo hejuru bitagoranye. Kuber'iki? Kuko batariko babaho ubuzima mu buryo Imana yashinze kubw'abo. Abaganwa niba bakwiye kuba abagendera ku mafarasi ntibababagendera ku maguru. Yesu yavuze ati: "Abana b'iyi isi b'uru runganwe barusha ubwenge abana b'umuco" (Luka 16:8). Ugukura mu Mana nivyo vyemeza nimba umuntu ashobora kwigarurira imigisha n'umurage vy'Imana ku bwiwe muri ubu buzima.

Fata ingingo ruhasha yo kunyaruka gukura mu kwiha wese ukwiga Ijambo ngo ucike umukristo akuze. Ijambo ry'Imana rituma urushiriza kuba umunyabwenge n'umuhinga. Ntubeho kubwo kubaho gusa. Ntiwavutse kugirango uharekeze abandi bo bariko baranezererwa ubuzima bwa misi yose. Fata ikibanza cawe ukwiriye nk'umuraganwa na Kristo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, nkuza binyarutse mu vy'Impwemu. Reka Ijambo ryawe rikuze ubwenge bwanje, ubuhinga bwanje, ugutahura kwanje, kandi rinshoboze kwiyegurira ikibanza canje nahawe nk'umuraganwa na Kristo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ijambo ry'Imana ririko rirakuzubwenge bwanje. Ubuho bwanje buriko bunkoreramwo ubu. Ndatanga inyishu ku ntambamyi yose iri imbere yanje. Haleluya!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Luka 18:1-9



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 154**
Luka 10 :25-42 ; Zaburi 60-62



UTUNTU DUSUZUGURITSE

Zaburi 34 :19

Amarushwa y'umugororotsi ni menshi, Ariko Uhoraho ayamukiza yose.

Igihuhusi ca mbere camaze umwanya munini camaze imisi mirongo itatu n'itandatu. Paulo yahuye n'igihuhusi ciswe "Euroclydon", aho yisanze kumwe n'abo bari kumwe mu mazi ubwato bwamenetse.

Rimwe na rimwe ubuzima buba bufise imyanya y'ibihuhusi bikaba bigoye cane gusozza ubwato. Ivyahora vyoroshe kugenzura mu bihe bisanzwe, muruyo mwanya bigahinduka ibidashoboka gutondekwa. Ariko ng'iki ico kudakekeranya: igihuhusi n'akantu gasuzuguritse, ataco kavuze ugereranije n'ivyo Imana ifise mu bubiko.

Uyo niwo mwanya wo kwamamaza, uti: "Ivyo mbona vyose nivyi'igihe gito kandi bishiriweho guhinduka!" Itange wese ku Mana mu gusenga no mw'ijambo, Nayo izokwiyereka nkuko yiyeretse Paulo (Ivyakozwe n'Intumwa 27:22-25). Ingorane yose irafise itariki y'iherezo. Si kugira ngo biguheze wewe ahubwo ni kubw'uguhishurwa kw'Ubwiza bw'Imana.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mfasha kudahunzabanywa n'ibihuhusi canke ibihe vy'amaganya. Nshikamisha mw'ijambo ryawe kandi unkomereze mu gusenga, nzi ko uzondokora mumarushwa uguhishura Ubwiza Bwawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinkogwako n'ivyo mbona ; nkogwako gusa n'ijambo ry'Imana. Ibihe bigoye n'utuntu dusuzuguritse ngereranije n'ibihe vyiza, hamwe n'ibirori vy'agaciro Imana yanteguriye uno mwaka. Haleluya!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

2 Abikorinto 4 :16-18



**GUSOMA BIBILIYA MU MIS 365 -
UMUSI WA 155**

2 Abami 13-14 ; Ivyakozwe n'Intumwa
10:1-23

UMUGAMBI W'IMANA WO KUROKORA

Itanguriro 18:3

Ati, "Mwami Wanje, nimba natoneshewe mu nyonga hawe, ndakwinginze ntwarengane umusavyi wawe."

Igihe cose Imana ishaka guhindura ubuzima bw'umuntu, irungika uwundi muntu. Imana yama ipanga mu buryo bwayo abafasha ngo baboneke ku nzira y'ubuzima bw'umuntu. Bibiliya ivuga ko bamwe bakiriye abamarayika batabizi (Abaheburayo 13:2), abandi na bo birengagije abamarayika batabizi. Aburahamu yaronse gutona mu maso y'Imana mu kwakira Imana. Kuza ukumenya igihe Ubuntu bwagutumbereye. Mugukora ivyo, uzoca uhura n'abafasha b'ubuzima bwawe.

Inyishu uriko urarondera iri mu muntu. Umugambi w'Imana wo kurokora wama ari umuntu, uwugufasha. Vyasavye Mose kugira habe ukurokora amamiliyoni y'abantu mu buja, vyasavye Esiteri kubwo gukiza ihanga ryose ngo ntarizimangane, vyasavye kandi Yesu Kristo kubwo gukiza isi yose urubanza rw'ibihe bidashira. Icipfuzo cose ufise muri uyu mwaka kizoranguka. Uko uzokwakira ab'utazi, umuhezagiro wawe ntuzokurengana.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, humura amaso yanje nshobore kubona abamfasha bava ku mana hamwe n'Ubuntu igihe binjeko. Uko ngendera mu kwicisha bugufi, reka umugambi wawe wo kundokora untore, kandi uzane ugushitswa kw'ivyipfuzo vyanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndagushima Mwami, kubw'umugambi Wawe wo kurokora ubuzima bwanje. Ndatangaza ugushika ku bamfasha b'ubuzima bwanje ata nzitizi, uko ngirira neza abandi.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yobu 31:32



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 156

2 Abami 15-16 ; Ivyakozwe n'Intumwa
10:24-48

UGUKEREBUKA N'UBUHINGA

IMIGANI 11:30

...Kandi umunyabwenge n'uwurokora imishaha.

Yesu Kristo yabwiye abigishwa biwe ko bazomushingira intahe i Yerusalemu no muri Yudaya yose no muri Samariya (Ivyakozwe n'intumwa 1:8). Aho Umwami yarabahaye ubuhinga bw'uko Ubukristo bwari bugira gukwiragizwe hose.

Ijambo umubwenge riri mu murongo w'ivyanditswe uri hejuru, ni ijambo chakam mu giheburayo, risobanura kuba uwufise ubukerebutsi canke ubuhinga. Ntuba umunyabwenge umaze kurokora umushaha; ubanza kuronka ubwenge kugira ngo uwurokore.

Ubwenge ni ukumenya ko akarere kawe urimwo ari umurima mwiza kandi ko ata murima ugoye kubwo kurokora imishaha. Gira ubuhinga ukoresha n'umugambi bitomoye imbere y'uko winjira mu igikorwa co kurokora imishaha kugira ngo ubone umusaruro. Uko urushiriza gupanga uko ubikora, ni ko urushiriza kuba umuhinga murivyo.

Raba neza ntuzane umuntu kuri kristo gusa hanyuma ugasanga ntumukurikiranye uko bikwiye. Bakurikirane, ubitangire mpaka iforoma ya Kristo igaragaye neza muri bo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, mpa ubwenge n'ubuhinga bwo kurokora imishaha uko bikwiriye. Ngira uwufise ubuhinga, yamizako; kandi umfashe gukurikirana imishaha gushik'aho iforoma ya Kristo igaragara muribo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uko nkura mu bwenge uno mwaka, inkomezi zanje mu kurokora imishaha n'izikimazi, zirabonekamwo umusaruro n'intsinzi, mw'izina rya Yesu Kristo. Amen



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yohana 4:35



GUSOMA BIBILIYA MU MUSI 365 -
UMUSI WA 157

2 Abami 17-18 ; Ivyakozwe n'Intumwa 11

UMUGENZI CANKE UMWANSI

Itanguriro 18:17

Maz' Uhoro arivuganya, ati Mbega Aburamu nomuhisha ico ngira nkore

Ubusabane n'Imana butuma ucika umugenzi w'Imana. Wimatanya n'Imana uko urushiriza kumarana umwanya nayo. Kuba umugenzi w'isi bikugira umwansi w'Imana, mu gihe kwizera Imana biguhindura umugenzi Wayo.

Yakobo 2:23 havuga ngo: "...Aburamu yizeye Imana, bimuharurwako ukugororoka, yitwa umukunzi w'Imana." Vyaragoye cane Imana guhisha Aburamu ikintu cose kuko yari umugenzi wayo. Ukugororoka -ukuba uhagaze wewe imbere y'Imana- kwari kwaramuharuweko ku buryo Aburamu ashobora guhagarara imbere y'Imana no kuyigisha.

Ni Ubwiza bw'Imana guhisha ibintu, ariko kuri Aburamu yamuhishuriye ibintu vyimbitse kandi bihishijwe. Amakuru ntiyari agifise Imana yonyene ahubwo yari ay'Aburamu na we nyene. Ubugenzi n'Imana buguha akarusho ku mwansi, kuko Imana ihishura kugira ngo icungure.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, nkwegera mu busabane bw'ibwina kumwe nawe. Ngira Umugenzi Wawe, mpishurira impanuro zawe, n'ubwenge buhishijwe Bwawe kuyerekeye ubuzima bwanje, umuryango wanjye, n'amahanga.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uko ngendana n'Imana, Ubugombe Bwayo Butunganye burampishurirwa: uguhanura Kwayo, n'ukurongorwa Nawe kuyerekeye umuryango wanjye hamwe n'amahanga biransobanukirwa. Amen.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Gusubira mu Vyagezwe
29:29



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 158**

2 Abami 19-21 ; Ivyakozwe n'Intumwa 12

UBUKORONI BW'IJURU

Ab'i Kolosayi 1:13

Yadukijije ububasha bg'umwiza, atwimurira mu bgami bg'Umwana wiwe akunda.

Ikintu ca mbere abazungu baje gufata Afurika bakoze igihe baje bakoloniza, ni uguhindura ururimi n'umuco w'abantu bakolonijwe ugashiraho ururimi rw'ubwo butegetsi bushasha buje kuganza. Imana ikora muri ubwo buryo nyene. Mpwemu Yera amaze kuza, abayoboke ba Yesu bose buzujwe Mpwemu, batangura kuvuga izindi ndimi. Icipfuzo c'Imana mbere n'ica satani ni ugushobora kugira ububasha ku muntu bw'ukumuganza.

Umusi umuntu yakiriye agakiza niwo musi akurwa mu bwami bw'umwiza, agakurwa mu caha, mu ndwara, mu kabonge, no mu bukene, akaja mu bwami bw'Imana bw'umuco.

Dufise ubushobozi bwo gukora nk'Imana kw'isi; uko Ari ni ko natwe turi muri iyi si. Turaganje kandi tuganzanije hamwe na Kristo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndagushimiye ko wandokoye nkava mu mwiza nk'imurirwa mu Bwami Bwawe. Reka Imigenzo n'Ububasha vy' ijuru biganze ubuzima bwanje, buntume nganza hamwe na Kristo mu karere kose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Satani n'ingabo ziwe nta bubasha bafise ku buzima bwanje. Nshinze imizi mu rutonde Imana yashizeho kubwanje; Kubw'ivyoy, sinshobora kurwara canke kunanirwa muri ubu buzima.



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yohana 10:34



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 159

2 Abami 22-23; Ivyakozwe n'Intumwa
13:1-25

KWIRENGANIRA!

Imigani 21:18

Umunyakibi ahanwa mu gishingo c'umugororotsi, umunyavyaha nawe mu gishingo c'intungane.

Satani ashira abana b'Imana aho ata saganirizo, akagerageza kubumvisha ko ubwabo buheze. Imana mu bwenge Bwayo Buhebuje yama ishiraho akanzo k'ukurokoka. Yesu bamujanye kw'isonga ry'umusozi ngo bamuterereyo apfe, ariko abaca hagati aranyororomba arigira (Luka 4:29-30).

Ntaco bitwaye uwuriko arategura ukugwa kwawe; igihambaye cane ni uwuri ku ruhande rwawe. Hamani yararondeye gutikiza Abayuda, yamara niwe yaramanitswe ku giti ciwe bwite. Ababisha bazoba incungu y'abagororotsi! Yaba impanuka, ugukurwa mu kibanza, urupfu, ukwahukana, amagorwa canke ibohero bibangamiye igice ico ari co cose c'ubuzima bwawe muri iki gihe, Imana iriko irabihindura ku neza yawe. Uzokwirenganira, umwansi atabibona!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, urakoze k'ukurokorwa n'ugukingigwa Nawe. Hindukiza imigambi yose y'umugwanizi, untume nca mu mitego yose amahoro, kuko nzigamwe n'Uwuhambaye muri je.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndirenganira nkuko Yesu yabikoze akigendagenda kuri ino si. Nta cago kizotsinda mu buzima bwanje kuko Uwuhambaye aba muri jewe. Amen



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

1 Yohana 3:8



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365-
UMUSI WA 160**

2 Abami 24-25 ; Ivyakozwe n'Intumwa
13:26-52



UKWIMUKA KW'UBUTUNZI

Imigani 13:22

Arik' ubutunzi bg'umunyavyaha buba buziganirijwe umugororotsi.

Icipfuzo c'Imana nuko abana bayo batera imbere. Yesu yabaye umukene, kugira ngo natwe, biciye mu bukene bwiwe, dutungishwe (2 Ab'i Korinto 8:9). Imisi abakristo batotejwe n'abakristo bagenzi babo kubera ko bafise ikinga, yari imisi abana b'Imana bagendera mu makosa.

Umwami yavuze biciye mu Muvugishwa Zakariya 1:17, "ibisagara vyanje bizokwamamara biciye mu guter'imbere." Kugira ngo Ubutumwa Bwiza bushobore gushika hose neza n'uko Abana b'Imana baba batunze. Imana iriko irategura uko ubutunzi bwimuka, muri ibi bihe vy'iherezo atari kugira ngo wewe ube umutunzi gusa ahubwo kugira ngo ushigikire Ubwami mu buryo vy'amafranga.

Ubukene ntibugaragaza ubwiza bw'Imana, rero ntibukwiye guhimbazwa. Anka kuba umukene, ba nka Yakobo (Itanguriro 31:1) uwo bavuze ngo, "Yakobo yatwaye ivyari ivy'aba sogokuruza bacu vyose."



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ntungisha kubw'Ubwami. Nkura mu gukehanirwa, nshira mu kibanza c'umusesekara, reka ubutunzi buce mu minwe yanje kubw'uguter'imbere kw'Ubutumwa bwiza, ushikamishe Ubwiza Bwawe mu buzima bwanje, Amen!



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndanse kuba umukene! Imana irampagurukije mu mukungugu, irampagaritse inkura mu mfuruka hinyegeje, Impagaritse hagati y'abaganwa. Mfise umugabane mwiza kandi w'Ubwiza muri Kristo. Haleluya!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Imigani 10:22



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 161**

Luka 11:1-28 ; Zaburi 63-65

IVY'UKURI BISHASHA

Ab'i Kolosayi 3:2

Mushire imitima ku biri hejuru, ntimuyishire ku biri mw isi.

Ijambo “mushire imitima kuri” tubona mu murongo uri hejuru, risobanurwa mu Kigiriki n'ijambo phronéo. Bisigura gushira umutima ku kintu canke kwiyumvira. Rikomoka ku cyumviro co mw'ijambo “gucungera”, gisigura kugenzura ivyiyumviro vyawe bikaba ibitonze, riranafise isano n'ijambo “kuzitirira”, canke kugumiza ivyiyumviro vyawe ntibije hanze y'imbibe Imana yashizeho.

Intumwa Paulo ariko araduhanura ngo tugenze ivyiyumviro vyacu. Naho impwemu yawe yavutse ubwa kabiri kandi ikaba ari nzima ku Mana, ivyiyumviro vyawe bishobora kuba bigikurikira urutonde rwa wewe wa kera. Ni co gituma abakristo bamwebamwe barwana n'ubusambanyi, ubwoba, akabonge, n'ibindi.

Ijambo ry'Imana ni ijambo ry'ukuri kuruta ivyo tubona. Tegeka ivyiyumviro vyawe kuba kw'Ijambo, uzovyara ibintu bishasha vy'ukuri bihuye n'Icyumviro c'Imana. Ijambo rya Kristo ribe muri wewe rigwiriye!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kuzana ivyiyumviro vyanje muni y'ububasha bw'Ijambo Ryawe. Hindura ivyiyumviro vyanje misi yose, maze havyarwe ibintu bishasha mu buzima bwanje bihwanye n'Ubugombe Butunganye Bwawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uko niha wese ivy'Impwemu, ivyiyumviro vyanje bikorera ku rugero rumwe n'urw'Imana. Nkorera Umwami mu Mpwemu yanje, mbayeho mw'Ijambo Ryiwe, hejuru y'icaha n'ingaruka zisambura zaco. Haleluya!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

2 Ab'I Korinto 10:5



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 162**

1 Ingoma 1-3; Ivyakozwe n'Intumwa 14

UBUZIMA BURENGEYE UBUSANZWE

1 Petero 1:23

Kuko mwavyawe ubga kabiri, mutavyawe n'imbuto ibora, ariko mwavyawe n'imbuto itabora, mubiheshejwe n'ijambo ry'Imana ririho rigahoraho.

Abakristo bamwebamwe biyumvira ko bazononka ubuzima budahera bamaze gupfa canke bamaze gutwagwa nk'Ishengero. Ariko rero, Bibiliya iratwizeza ko tutazohona ahubwo ko dufise ubuzima budashira kubw'ubu no kubw'igihe kizozo. Ubuzima budashira ni ukuri kwo muri iki gihe.

Mu bigaragara, imibiri yacu ni urufunguruzo rwo gukora; tutayifise, nta burenganzira dufise bwo gukora kw'Isi, ariko tubayeho ubuzima burengeye ubusanzwe. Kubera iyo mvo, nta ndwara canke ubumuga bufise uburenganzira bwo kwibera mu mibiri yacu. Umubiri wa Yesu Kristo, Jambo yambaye umubiri, ntiwigeze ubora igihe yapfa. Nka Yesu, natwe turi imana; kubwivyo, tubaho mu magara meza ava ku Mana, kandi umubiri wacu ntuzobona ukubora.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami ndagushima kubw'ubuzima butabora nakiriye biciye mw'Ijambo. Ngendera mu magara meza ava ku Mana, mu nkomezi, mu ntsinzi, kure y'indwara n'uburyo bwose bwo kubora.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima bwanje bwubakiye kandi bushingiye mw'Ijambo ry'Imana. Kubw'ivyo, ngendera mu magara meza, mu nkomezi n'intsinzi, mw'Izina rya Yesu. Amen



KUNONOSORA
INYIGISHO
Imigani 4:20-22



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 163
1 Ingoma 4-6; Ivyakozwe n'Intumwa 15:1-21

ITEGEKO RY'IMANA

Yeremiya 1:6

Maze ndavuga, nti Yō, erega Mwami Uhoraho, sinzi kuvuga, kuko nkiri umwana.

Igihe Ijambo ry'Umwami ryaza rihamagara Umuvugishwa Yeremiya kubw'ibango, inyishu yiwe yari iyi: "Sinzi kuvuga, kuko ndi umwana." Yeremiya yari afise nk'imyaka cumi n'indwi gushika kuri mirongo ibiri ico gihe. Iyi ni yo myaka abigishwa ba Yesu barimwo igihe Umwami yabahamagarira ibango. Yesu na Petero bonyene ni bo bari bakuze bihagije kugira ngo barihe ikori; bari bakuze mu myaka kurusha abandi bigishwa.

Imana yari ibonamwo uw'ikimazi kinini muri Yeremiya. Mu buryo nk'ubwo nyene, ikubonamwo ikimazi kinini nawewe! Ntusuzugure ubuto bwawe—canke imyaka iyo ari yo yose. Imyaka yawe ufise sico gisabwa kugukoresha n'Imana. Bamwe bazovuga bati: "Ariko ndashaje, Imana yoshobora kunkoresha kubw'Ubwiza Bwayo?" Mose yari afise imyaka mirongo umunani igihe Imana yamubonekera mu gisaka caka umuriro. Kwamamaza ubutumwa bw'umwuzuzo nivyo umuntu wese!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, ndakwihaye wese ngo uncoreshe. Ntitayeho imyaka mfise canke iyo mva, kora biciye muri jewe mu kuzana benshi kuri Kristo no gushitsa umugambi wawe mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi igikoresho, giteguriwe gukoresha na Databuja. Benshi bariko baraza ku kumenya Kristo biciye kuri jewe, kandi bariko baramenya umugabane wabo w'Ubwiza muri We. Haleluya!



**UKUNONOSORA
INYIGISHO**

Abaroma 8:29-30



**GUSOMA BIBILIYA MU MUSI 365 -
UMUSI WA 164**

1 Ingoma 7-9; Ivyakozwe n'Intumwa
15:22-41



UBUNTU BUNESHA

Yosuwa 1:5

Nta muntu n'umwe azoshobora kuguhagarara imbere imisi yose uzomara ukiriho...

Kuba Imana yatanguye kubwira Yosuwa ngo “Nta muntu azoshobora guhagarara imbere yawe,” vyasobanura ko yari agiye guhura n'ukurwanywa mu gikorwa ciwe gishasha. Yamara Imana yiyeje Yosuwa ko azotsinda igihe cose azoguma arimbura nk'uburyo bwo kugira amahirwe (Yosuwa 1:8). Yosuwa yaryarasabwe gusa kuguma afise Ijambo ry'Imana mu kanwa kiwe akarimbura umurango n'ijoro. Ijambo ry'Imana naryo rikamukomeza kandi akagira umutima rugabo imbere y'ingorane.

Naho intambara n'ibitero vy'umwansi vyoba bikomeye gute ku bijanye n'igice ico ari co cose c'ubuzima bwawe, komeza wature Ijambo n'ijwi rirenga. Guma kuriyo gushika bivuyemwo ico rivuga. Nta nkeka uzogaruka ufise intahe!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, nkomeza ngo neshe ibingwanya vyose. Uko nguma natura Ijambo Ryawe buri gihe, reka ubushizi bw'amanga buduge muri jewe kandi intsini igaragare mu ntambara yose mpanganye nayo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Umwami arikumwe nanje, Sinzotinya. Mbega umuntu yoshobora kungira iki? Naho ingabo zontera, umutima wanje ntuzotinya, kuko uwuri muri jewe aruta inkomezi uwuri mw'Isi. Haleluya!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

1 Ab'I Korinto 16:9



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 165**

1 Ingoma 10-12; Ivyakozwe n'Intumwa
16:1-21

UBUZIMA BUDASANZWE

Abaroma 1:17

... nk'uko vyanditswe, ng' Umugororotsi azobeshwaho n'ukwizera.

Imana yaduhamagariye kubaho ubuzima buri hejuru y'uko isi yashinze ko twobaho. Bibiliya ntiyigeze ivuga ko umugororotsi azobeshwaho n'amafranga ahubwo azobeshwaho n'ukwizera. Mu Bwami bw'Imana, ukwizera niryo faranga dukoresha. Mbega amafranga yoba ari ngirakamaro? Ego cane! Ariko wibuke ko ayo mafranga nyene yananiwe muri Egiputa (Itanguriro 47:15).

Ijambo ry'Imana ntirigira akanenge (ntirinanirwa) muri kameremere karyo. Igihe Yesu yagaburira abantu ibihumbi bitanu, ntiyigeze avuga ati: "Reka dutoze amashikanwa." Igihe yahindura amazi umuvinyu, ntiyigeze avuga ati: "Reka ngende muri banki gukurayo amafranga kugira ngo tugure uwo kwongereza."

Agaciro kawe nyakuri karenze amafranga ari kuri konti yawe ya banki. Reka ibi bibe ivy'ukuri kuri wewe! Imana igira yibonekeze aho nyene muri ico ukeneye. Azoguha vyinshi birenze ivyo amafranga yoshobora kukuronsa.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, nyigisha kubeshwaho n'Ukwizera atari kubeshwaho n' inzira z'isi. Ni we soko ryanje, kandi Ndizera ko undonsa ico nkeneye cose bimwe bisesekeye kandi mu buryo butangaje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amafranga n'umuja wanje-arankorera. Imana yanje niryo soko ryonyene ryanje, kandi kubw'ivyo, ntaco nzobura. Ico cose nifuje kirandonswa mu buryo budasanzwe kuva ubu. Amen!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Itanguriro 47:15



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 166**
1 Ingoma 13-15; Ivyakozwe n'Intumwa
16:22-40

UBUNTU BUGUTERERA IMBERE

2 Ab'i Korinto 10:12

...Arikw'abo, ko birehesha ubwabo kandi bakigereranya bakoresheje urugezo bo nyene bishiriyeho, Nta bwenge bagira!

Ijambo ry'Imana ni ryo rikwiye kuba urugezo ngenderwako rw'ubuzima bwawe. Iterambere ryawe n'ukuja imbere kwawe mu buzima ntibizokwigera biza biciye mu kwigereranya n'aho abandi bageze mu buzima. Ihiganwa si iry'abanyaruka, n'intambara si iy'abakomeye, ariko igihe n'amahirwe birabashikako bose.

Iyo Intumwa Paulo yigereranya n'abandi bakozi b'Imana bo mu gihe ciwe bibona ko bamusumba, ntiyari kuzana impinduka nk'iyoyazanye mu bitirirwa Kristo.

Paulo yari muto mu bera bese kubwo kwamamaza Inkuru Nziza mu banyamahanga, ariko yagiriwe ubuntu. Iyo ugize Ijambo ry'Imana urugezo rwawe rw'ubuzima, rirakugira uwubereye igikorwa kandi rikaguterera imbere kubwo guter'imbere no gushirwa hejuru mu buzima.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, Gumiza amaso yanje kw'Ijambo Ryawe nk'urugezo rw'Ubuzima bwanje. Kubw'Ubuntu bwawe, nterera mu nzezo zo hejuru zo mu gukura, n'izo mu kuzana impinduka.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amaso yanje ari kw'Ijambo ry'Imana ntari ku bantu. Nkomeza kuva mu rwego rumwe rw'ubwiza ntererwa mu rundi. Amen.



KUNONOSORA
INYIGISHO
Abanyefeso 3:8



GUSOMA BIBILIYA IMISI 365 - UMUSI
WA 167
1 Ingoma 16-18; Ivyakozwe n'Intumwa
17:1-15

UBUNTU BUTANDUKANYE

1 Yohana 2 :27

Mweho ukurobanuzwa amavuta mwarobanujwe na we kuguma muri mwebge,

Abakristo bamwe bamwe bizera ko hari amavuta y'ubwoko bwinshi, ariko muruyo murongo w' Ivyanditswe wo hejuru urerekana neza mururimi rw'icongereza ko ari amavuta «anointing » muri rudende. Twahawe amavuta y'ubwoko bumwe -amavuta ya Mpwemu Yera- kandi Aba muri twebwe ibihe bidashira.

Ntidufise amavuta yandi kubw'ubutunzi, kubw'ingo, kubw'ugukira, n'ibindi. Ariko, dufise ubuntu butandukaye, ubuntu bw'ubwoko bwinshi, kandi ubuntu burashobora kugwizwa biciye mukumenya Imana neza na Yesu Kristo Umwami wacu.

Bibiliya ivuga ubwoko bwose bw'ubuntu. Hariho ubuntu kubw'ibango, kubw'ubutunzi, kubwo gukira, ubuntu ku mice yose y'ubuzima bwawe. Ico ukeneye cose, hari ubuntu kubwa co. Rero, ntusenge ngo amavuta ku buzima bwawe yongerekane. Usanzwe usizwe, ntazokwongerekana ukundi. Ahubwo wige kandi ukore Ijambo ry'Imana mu karere ukeneyemwo ubuntu bwinshi, maze amavuta azotumberezwa muri ako karere kugira ngo azane impinduka iramba.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, uko nkora Ijambo Ryawe buri musi, reka Ubuntu bugwire mu bisata vyose vyo mu buzima bwanje. Ndagaragaza impinduka kubw'Ububasha bwa Mpwemu Wawe ariko akorera muri jewe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nkora ico Ijambo rivuga; kubw'ivyo, impinduka ziragaragara mu binyerekeye vyose uko ubuntu bugwira mu buzima bwanje.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

2 Ab'i Korinto 9 :8



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 168**

Luka 11:29-54 ; Zaburi 66-67



AMAHORO YO KURORANIRWA

Ab'i Filipi 4:7

Maz' amahoro y'Imana aruta uko yomenywa n'umuntu wese, azoshibamira imitima yanyu n'ivyiyumviro vyanyu muri Kristo Yesu.

Icipfuzo c'Imana n'uko abana bayo bagira amahoro arengeye ukwo ugutahura kwose. Mw'isi yuzuye umuvurungano n'ibibi, Ijambo ry'Imana ritwibutsa ko igihe cose umuvurungano ubayeho, aba ari igikorwa c'umugwanizi, kuko Imana yo ari Nyen'amahoro.

Amahoro avugwa ngaho mu murongo w'ivyanditswe w'uyu musigira ukwiyumva umerewe neza bimwe bizana ugutekana hamwe n'ukuroraniwa. Ijambo ry'iki Giriki kubwayo mahoro ni eirēnē, risobanurwa "gusubira kuba umwe." Risa n'Ijambo ryo mu Giheburayo shalom, risigura kwuzura, ugutungana, n'ukuroraniwa.

Kuba abakirisu bamwebamwe bama barwana n'ukuronka ivyo bakeneye, ni ikimenyetso c'uko amahoro abuze muri uwo muce w'ubuzima bwabo. Amahoro nyayo tuyaronka mu gukura mu bumenyi bw'Ijambo ry'Imana, ivyo nivyo bica bivamwo ukuroraniwa.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, reka amahoro Yawe aganze umutima n'ivyiyumviro vyanje. Ndakiriye ugutunganirwa, ugushikama, n'ukuroraniwa uko nkura mu bumenyi bw'Ijambo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Simpungabana! Sinigera mpagarika umutima canke ngo ngire amaganya. Amahoro y'Imana arinda umutima wanje, kandi vyose biriko bikoraniwa hamwe kungirira neza. Nije ndi Ndabibazwa. Amen!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Yohana 14:27



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 169**

1 Ingoma 19-21; Ivyakozwe n'Intumwa 17
:16-34

GUMA WUZUYE

Abanyefeso 5:18

Kandi ntumukaborerwe vino, irimw' ubuhumbu; ariko mwuzure Mpwemu.

Umuntu arashobora kuboneka ko aborewe canke ataborewe mu buzima busanzwe bw'ibiboneka. Mu vy'impwemu navyo, umwe arashobora kuboneka nk'uwutaborewe uwundi nawe akaboneka nk'uwuzuye (aborewe) Mpwemu w'Imana. Vyemewe nk'ikintu ciza mu buzima busanzwe kuba uwutaborerwa, ariko muvy'Impwemu, kwuzura Mpwemu nivy vyemwe nk'ikintu vyiza.

Kwuzura Mpwemu Yera ukanezererwa Ukubaho Kwiwe bikwiye kuba ikintu umuntu agira buri musu, nka kurya unywa amazi. Imana iratwereka uko bikorwa: mu "kwivugana." Muyandi majambo, ndavugana nanje, na we ukavugana na wewe.

Komeza wibwira biciye muma zaburi, mu ndirimbo, no mu matazirano y'ivya Mpwemu, aho n'ubundi buryo bwo kukubwira ubandanye wiyaturako Ijambo Ryiwe. Uko ubikora, uzokwama wuzuye kandi ukabuwe muri Mpwemu Yera.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mpwemu Yera, mpisemwo kuguma nuzuye Ukubaho Kwawe ubudasiba. Uko niyaturako Ijambo Ryawe buri musu, mpa ugutotahara, unkomeze, unkaburire kumenya uburongozi bwawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mpwemu Yera n'umugenzi Wanje, niwe nuzuye buri musu. Mu Kubaho Kwiwe niho nibera. Nta myitwarariko y'iyi si ngifise. Amen!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

1 Ab'I Tesalonike 5:19



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 170**

1 Ingoma 22-24 ; Ivyakozwe n'intumwa 18

IGITANGAZA HAMWE N'UKUYOBORARA

Itanguriro 2:15

Uhoraho Imana ajana wa muntu, amushira mur' iryo tongo ryo muri Edeni, ngw aririme, arizigame.

Icigwa ca mbere c'ubuyobozi tubona muri Bibiliya ni igikorwa Adamu yahawe akakinanirwa. Adamu yerekanye ko ari umuyobozi mubi, kandi ubuyobozi bubi bwugururiye umuryango urupfu no rushobore kumufata.

Bishobora kugutangaza kumenya ko ibitangaza ari ingaruka y'ubuyobozi bubi. Iyo ubaye umubwiriza w'umwizigirwa w'urugo rwawe, w'umuryango, w'urudandazwa, w'ibango, w'umubiri wawe, n'ibindi, ntuzokwisanga ku mironko y'amasengesho. Ahubwo uba uwutanga ubuzima aho kuba uwutanga urupfu.

Ibitangaza bikwiye guhimbazwa nk'ibimenyetso vy'Ububasha bw'Imana bwo gusubizamwo inkomezi. Naho ari ukwo, ntivyagenewe gusubirira umuhezagiro uva ku kukuyobora neza. Umugambi w'intango w'Imana si uwo kubeshwaho n'igitangaza ku kindi, ahubwo n'uwo kugira ngo ube umuyobozi mwiza kugira ngo ugendere igihe cose mu Mugisha Wayo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha kugenzurana ubwenge n'ubuhinga agace kose k'ubuzima bwanje. Reka Mpwemu Wawe Atanga ubuzima Atembe mu kintu cose ndondoye, bivare umugisha n'ukwama.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mpwemu w'Imana Atanga ubugingo Ari ku gikorwa muri jewe no mu kintu cose ngenzura. Simpezagiwe gusa, ariko nd'Umugisha ku kintu cose kiri musi y'ubuyobozi bwanje mw'izina rya Yesu. Amen!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Abaroma 5 :17



GUSOMA BIBILIYA MU MUSI 365 -
UMUSI WA 171

1 Ingoma 25-27; Ivyakozwe n'Intumwa
19:1-22

AKAZI KANJE KA MISI YOSE

Abanyefeso 5:15-16

Nuko mwirinde cane uburyo mugenda, mwoye kugenda nk'imburabenge, ariko mugende nk'abanyabenge, mugura uburyo mubugwiza, kukw imisi ari mibi.

Woba uriko urakoresha neza umwanya Imana yaguhaye kw'isi? Ivyakozwe n'intumwa 17:30 hatubwira ko hari igihe Imana yirengagije ubuju bwo mw'isi, ariko ubu ihamagara umuntu wese mu Bwami bw'Ubwiza bw'Umwana wayo ikunda cane. Umwanya ukoreshejwe neza ni umwanya ukoreshejwe kubw'ibintu vy'Imana. Ubu rero niwibaze uti: Nitanga ku rugezo rungana gute mu kuzana imishaha kuri Kristo no gukorera Umwami? Reka Ivyo bibe akazi kawe ka misi yose.

Muri iyi si yuzuye ibisamaza be n'ibitesha umwanya, n'ube umwizigirwa ku mwanya wahawe. Bibere maso. Mbere n'isi iremera ko ico ari ikintu gikomeye biciye ku kajambo ngo "twatijwe umwanya wo kubaho." Umusi umwe, twese tuzohabwa agashimwe ku kuntu twakoresheje umwanya twahawe- haba kuwukoresha mu bwenge canke mu bujuju.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha gucungura umwanya neza. Nditanze wese kubwo kugukorera, ngendana intambwe kuyindi na Mpwemu Wawe kandi nshitsa intumbaro yanje nihuse kandi ndabibereye maso.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima mfise si ubwanje; ndabutanze kandi ndabuhebeye gukorera Umwami. Ngendana na Mpwemu ikirenge ku kindi mu gushitsa intumbaro yanje n'ico nahamagariwe kuba muri Kristo. Amen!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**
Zaburi 90 :12



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 172**
1 Ingoma 28-29; Ivyakozwe n'Intumwa
19:23-41

UMWAMPI W'UKUBOHORA KW'UMWAMI

2 Abami 13:18

...Elisa aramubarira, ati Yikubite hasi. Ayikubita hasi gatatu, araheza ageza aho.

Nta kuba hagati na hagati mu Bwami bw'Imana—utariko urater'imbere uriko urasubira inyuma. Utegerezwa kuguma ku ruhande rw'abatera, kandi ikibanza co kubamwo gikomeye kuruta ibindi vyose mu gutera ni ku mavi yawe.

Gusenga ni umwami w'ukurokora kw'Umwami ngo adukure mu bubasha bw'umugwanizi. Tubwirizwa gusenga ubudasiba kuko gushishikara mu gusenga bisenyura igisika cose umugwanizi agerageza kwubaka ku buzima bwacu.

Umwami wa Isirayeli yategetswe n'Umuhanzu Elisa ngo akubite imyampi hasi. Ariko rero, yakubitse incuro zitatu gusa, aca arahagarara. Elisa aramukankamira, amubwira ko kuko akubise incuro zitatu gusa, azotsinda umwansi incuro zitatu gusa. Kuko ico yakoze cari gifise aho kigarukira, cavyaye intsinzi ifise aho igarukira.

N'uko nyene bimeze no kuvyo gusenga: ugusenga gake kadashemeye birabaho, ariko ntushobora kwigera usenga birenze urugero. Bishishikaremwo; ugume urekura imyampi y'ukubohoka biciye mu gusenga gushika intsinzi yuzuye ibonetse.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, kabura muri jewe impwemu yo gushishikara mu gusenga. Uko mbandanya ndekura imyampi y'ukubohoka, reka ibisika vyose bisenyuke gushika intsinzi yuzuye ifashe ikibanza.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Umuriro ku gicaniro canje uzokwama waka. Imigambi n'ivyo umwansi yiteze birasambuka ukwo niha ugusenga.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Abalewi 6 :12



**GUSOMA BIBILIYA MU MUSI 365 -
UMUSI WA 173**

2 Ingoma 1-3 ; Ivyakozwe n'Intumwa
20:1-16



IKIRERE C'IMPWEMU

Umusiguzi 10:8

...kand' ūmena uruzitiro, inzoka izomukomora.

Umwana w'Imana wese atwaye muri we ikirere c'impwemu c'ukurindwa n'Imana. Ibitero vy'umugwanizi bisubizwa inyuma n'uruzitiro Imana ishiraho abantu bayo. Ariko rero, Ivyanditswe vyerekana ko hariho ibintu umuntu we nyene ashobora gukora bigatuma urwo ruzitiro rugoyagoya canke guseniyuka.

Yobu, nk'akarorero, yarasenyuye uruzitiro rwiwe biciye mu kwatura nabi. Yaratura ko atari mu mutekano, kandi ivyo yatinye cane nivyoyamushitseko. Ku rundi ruhande, Elisa we yagumye ari maso mu vy'impwemu, amenya neza ko ari Imana imukingiyeye. Igihe yahangana n'umwami wa Aramu, yarahagaze yemejwe neza maze ahuma amaso ingabo zose. Yishuye mu kwizera, atari mu bwoba.

Kabura kandi ubungabunge uruzitiro rw'ukurindwa n'Imana mu kwiyaturako ljambo ryayo ku buzima bwawe no gusengana umwete muri Mpwemu. Uko ubigira, uruzitiro rwawe ruguma rukomeye, kandi inzoka yose ikurungitsweko iratakaza ububasha bwayo.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, nditaho uruzitiro rw'ukurindwa nawe rukikuje ubuzima bwanje. Uko mvuga ljambo Ryawe, kandi nsenga mu Mpwemu, reka imigambi yose y'umugwanizi isubizwe inyuma kandi itakaze ubushobozi.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uko mbandanya nkomeza uruzitiro rw'ukurindwa n'Imana ku buzima bwanje, Rurahagaze ngo rubuze umwansi kwegera. Ikiza n'ivyago biza giturumbuka biri kure yanje. Ndarinzwe mu bisata vyose vy'ubuzima bwanje mw'Izina rya Yesu!



KUNONOSORA
INYIGISHO

2 Abami 6:16



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 174

2 Ingoma 4-6; Ivyakozwe n'Intumwa
20:17-38

UKURAMBA!

Kuvayo 1:16

...ni havuka umuhungu, muze mwame mumuniga, ariko ni yaba umukobga mumureke abeho.

Igihe Mose yavuka hari itegeko ry'uko umwana avutse ar'umuhungu wese yicwa. N'igihe Yesu yavuka niko vyari biri. Satani yama ahanze abatekeye intumbero y'Ubwami muri bo. Kamere kiwe ni kurungika impwemu y'urupfu ku vy'Imana iriko irarangura. Ariko no muri iryo totezwa, Imana yama ikingira kandi ishikamisha ico cose gifatanye n'intumbero Yayo.

Imana yaraguteruye kuva ukivuka, kandi yaguhetse kuva umusi uza kuri ino si. Muri Yesaya 46:4 iratwizeza ko gushika tugeze mubusaza n'imvi ku mutwe, azoba akiduhetse.

Ijambo ry'Imana ridusezeranira ko azoduhaza imisi yo kubaho. Nta kiza, impanuka canke icago gifise ububasha bwo kugabanya imisi yawe yo kubaho. Imisi yawe aha kw'isi irarinzwe kandi irongerekana mu buryo bw'igitangaza kubw'Ubwiza bw'Imana.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, urakoze kubwo gukingira ubuzima bwanje kubw'intumbero yawe. Ndakiriye inkomezi, ukuramba n'ukurindwa n'Imana. Nzobaho imyaka myinshi ngo namamaze Ibikorwa Vyawe.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndanse gupfa nk'uruyoya. Ukugenderwa n'Imana mu buzima bwanje kurankingira, nzobaho igihe kinini kandi nagukiwe mw'isi y'abazima ngo namamaze Ibikorwa vy'Umwami!



KUNONOSORA
INYIGISHO

Yesaya 65:20



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 175

Luka 12:1-31; Zaburi 68-69



USHIZWE KU RUHANDE

1 Petero 1:16

Kuko vyanditswe, ngo Mube abera, kuko nanje nd'uwera.

Abantu benshi bibaza ko igihushane c'ukwera ari icaha, ahubwo ni ukuba Uwumenyerewe. Ukwera bisigura kuba uwushizwe ku ruhande - uwutamenyerewe isi canke imigenzo yayo. Igihe uvutse ubwa kabiri, ubwo nyene ucika uwutandukanijwe n'Isi. Icaha kidutandukanya n'Imana ariko Ukwumvira Ijambo vyo bidutandukanya n'Isi.

Abana b'Imana ntibahamagarirwa kwitandukanya n'Isi gusa ariko no kwitandukanya kubw'Imana. Kuvuka ubwa kabiri biguha uburenganzira bwemewe bwo kuba umwana w'Imana, ariko ukwitandukanya kubw'Imana kwo kukugira igikoresho kibereye kubwo gukoreshwa n'Umwami. Biha akaryo Ubukuru n'Ububasha bw'Imana hejuru y'umugwanizi.

Shira imbere gufata akanya n'Umwami biciye mw'Ijambo ryiwe, gurtyo uzokura mu gihagararo cuzuye c'Uwo Imana yaguhamagariye kuba - Uwashizwe ku ruhande kubw'Imana no kubwo kuba uw'Imana.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, nshira kuruhande kubwawe rwose. Uko ngendera mu kwumvira n'ukwera, ngira igikoresho kibereye kugukorera, gitekeye ububasha n'impinduka kubw'Isi.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yarantoraniye, inshira ku ruhande, mfise ubushobozi bwo kuzana impinduka atari mu buzima bwanje gusa ariko no mu karere ndimwo.



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

2 Timoteyo 2:20-21



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 176**

2 Ingoma 7-9; Ivyakozwe n'Intumwa 21:1-17



UBUBASHA BUKURU

Abaroma 5:17

Kw igicumuro c'umwe catumye urupfu rushirwa ku ngoma n'umwe, abākira ubuntu n'ingabire yo kugororoka bisēsekaye bazorushiriza gushirwa ku ngoma mu bugingo n'umwe, Yesu Kristo.

Ingaruka y'ingabire y'ukugororoka y'Imana n'uko abana bayo baganza mu buzima. Ukugororoka kudushira ahantu tuba twemerewe guhagarara imbere y'Imana. Ntaco bitwaye uko umuntu yokwibaza ko yagiye kure y'Imana, yemeye kugumbira ukugororoka kw'Imana, araganza mu buzima.

Mu bwami bwose, Umwami niwe afise ububasha bukuru. Imana yashinze abana bayo kuba abami. Ijambo kuganza rirafatanye n'ubwami. Kuko abami nibo bafise ububasha bukuru mu buzima. Ijambo kuganza mu Kigiriki ni ijambo basileuō bisigura ngo ukugenzura gukuru canke ububasha bukuru. Uyu niwo mwaka wawe wo kumenya neza ukugororoka kwawe muri Kristo Yesu, ugatangura gukoresha ububasha bwawe bukuru mu buzima.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ndagushimiye Ku ngabire y'Ukugororoka, ndaganje mu buzima kubwa Kristo Yesu, nkoresha ububasha bukuru hamwe n'ukuganza kw'Imana hejuru y'ibinshikako vyose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Narakiriye ubuntu busesekaye n'ingabire y'ukugororoka. Kubw' ivyo ndaganje mu buzima! Singanjwe n'uko ibintu bimeze, ahubwo nije ndabiha iforoma. Nkora nk'Umwami, nkoresha ukuganza mu burere bwose bw'ubuzima bwanje.Amen!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Ivyahishuriwe Yohana
1:6



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 177**

2 Ingoma 10-12; Ivyakozwe n'Intumwa
21:18-40



UMUTI W'UKUBABAZWA

Yesaya 48:10

Ehe ndaguhinguye, ariko si nk'ifeza; nkugeragereje mu ruganda rwo kubabazwa.

Iyo uhagaze mw'Ijambo ry'Imana, uzotahura ko ukubabazwa atari ikije guhonya umwana w'Imana- kiza kumuhingura. Ijambo guhingura riri mu murongo w'uno musu n'ijambo ry'Igiheburayo tsarph, risigura gucisha icuma mu muriro ngo imicafu yose ikivemwo.

Nkuko ifeza rityororwa mu muriro incuro indwi (Zaburi 12:6), ukubabazwa kwemerewe guturira ico cose kitategerezwa kuhaba, kukatugira abana b'Imana bakuze kandi batunganye. Igiharuro indwi cerekana ubwuzure n'ugutungana. Bikerekana ko ukubabazwa atari ivy'ubusa. N'igikorwa kiva ku Mana kiba kiriko kivyara ikintu ataco cogereranywa muri wewe.

Intumwa Paulo, ahuye n'ukubabazwa, yatangaje ko vyamusunikiye kuja ku mavi. Ivyanditswe bivuga ngo, "Hoba hariho uwubajwe muri mwebwe? N'asenge" (Yakobo 5:13). Gusenga n'umuti w'Ukubabazwa uzovyara uburemere bw'ubwiza budashira kubwawe!



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, uko mpanganye n'ibigeragezo, mpingura simpone. Biciye mu gusenga no kwizera, reka ukubabazwa kwose kuvyare ugukura, inkomezi n'ubwiza mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndiko ndahingurwa sindiko ndahona, ukubabazwa kwose mu buzima bwanje kuriko kuvyara ubwiza, inkomezi n'ugukura. Uko nsenga ngaragara mpinguwe kandi ntunganye mw'Izina rya Yesu!



KUNONOSORA
INYIGISHO

1 Petero 1:6-7



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 178

2 Ingoma 13-14; Ivyakozwe n'Intumwa 22

UMUNYAMWETE MU MPWEMU!

Abaroma 12:11

Ntimukabe abanebwe, ahubwo mwamane umwete mu mitima yanyu wo gukorera Umwami Imana.

Abakristo bamwebamwe bagaburira imibiri yabo gatatu ku musu ariko impwemu yabo bakayihira ivyoy ifungura rimwe gusa kandi ivyamaze guhora. Ijambo mwamane umwete riri mu murongo w'uno musu ni ijamba ry'ikigiriki zéô, risobanura kubiza amazi canke gutuma ikintu gikomeye gikayangana kubwo kugishira ahashushye. Rero, kuba “umunyamwete mu mpwemu” bisigura ko impwemu yawe iriko irabizwa n'Ijambo ry'Imana, bigatuma ukayangana hanze. Mu nsobanuro ya bibiliya ya Amplified havuga ngo, “mukayangane kandi mube abari n'umuriro mu Mpwemu,” mu gihe insobanuro ya bibiliya ya The Message ivuga ngo, “mwame mufise amavuta buri gihe kandi mwaka.”

Bibiliya ivuga kuvyerekeye Yohana Umubatizi ko yari “itara ryaka kandi rikayangana.” Impwemu y'umwete ikuzwa mu kwishira kumurongo umwe n'Imana biciye mu gusenga mu ndimi, ukagumana umwete mu bikorwa vy'impwemu nk'ukuja mu makoraniryo y'ishengero, no kwiha ukwiga Ijambo ry'Imana. Uko ugumiza Impwemu yawe ibira mw'Ijambo uzohinduka umuco waka kandi ukayangana mw'isi yawe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Mwami, ngumiza impwemu yanje yuzuye umwete kandi yaka. Uko nsenga kandi nshinze imizi mw'Ijambo Ryawe, reka ubuzima bwanje bwake cane, bugaragaze Ubwiza Bwawe aho nja hose.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nguma naka kandi mfise umunezero ududubiza mu mpwemu yanje, nta bunebwe canke ukunanirwa, ariko nama nuzuye kandi mfise igishika kubw'ivy'Imana. Haleluya!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Ivyahishuriwe Yohana
3:15-16



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 179**

2 Ingoma 15-16; Ivyakozwe n'Intumwa
23:1-15

GUSHIKAMA!

Abaheburayo 12:1

Twiyambure ibituremera vyose, n'icaha gikunda kutwizingirako vuba, dusiganirwe ivyo twashizwe imbere twihanganye.

Uburemere ni umuzigo utava ku Mana—ikintu kikubuza gushitsa umugambi wayo ku buzima bwawe. Uburemere bushobora kuba ubwibone, inyifato mbi, imigenderanire mibi canke ikintu cose cotuma udatara imbere mu vy'impwemu.

Ijambo ry'ikigiriki risigura iryo jambo ukwihangana riri mu murongo w'uyu musu ni ijambo hupomoné, risobanura gushikama canke ukwihangana mu bigeragezo no mu bishika vyose. Kugira ngo turoranyirwe mu rugendo rwacu na Kristo, dutegerezwa gushira ku ruhande iyo mitwari kugira ngo dushobore kwiruka mw'isiganwa twihanganye.

Intumwa Paulo yaratewe amabuye i Lusitira bamusiga nk'uwapfuye, ariko yarabandanije kwamamaza Ubutumwa bwiza. Hako yihebura, yihanganiye ibigeragezo mu buryo bushemagiza Imana. Ugushikama bisaba kuguma muri Yesu Kristo, ariwe Jambo, kuko murivyo bigeragezo, Ijambo ryubaka kamere yiwe muri wewe.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

Data, mfasha gushira kuruhande ibindemera vyose n'ibinsamaza. Nkomeza mu kwihangana biciye mw'Ijambo ryawe kugira nsiganwe gushitsa kw'iherezo.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndashize kuruhande ibindemera vyose n'ibinsamaza. Ijambo ry'Imana rirankomeza, sinshobora kuhagarikwa. Ndashikanye mw'Izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 1:2-4



GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 - UMUSI WA 180

2 Ingoma 17-18; Ivyakozwe n'Intumwa
23:16-35

INZIRA NSHASHA

Gusubira mu Vyagezwe 1:6

At' Uhoraho Imana yacu yatubariye i Horebu, at' Igihe mumaze kur' uyu musozi kirahagije.

Haragera igihe mu kugendana n'Imana aho kuguma mu kibanza kimwe udatara intambwe—mu vy'impwemu, mu bwenge canke mbere mu vy'umubiri—bifatwa nk'ukutumvira. Imana yabwiye Mose ngo bahave kuko Isirayeli yari imaze igihe kirekire cane ku musozi Horebu. Naho Imana yari yarabasezeraniye igihugu gitemba amata n'ubuki, baciye bigumira i Horebu. Horebu yari yabacikiye ahantu hahumuriza kandi h'icubahiro, ariko hagaragaza ihagarikwa ry'uguterimbere.

Imana kenshi niyo ihungabanya ibibanza bihumuriza turimwo kuko Iba Iriko Iradutegura kubw'akarere kandi kanini. Uko twegereza impera z'umwaka, menya udukekeranya ko Imana Ariyo Muhinga mu gukora ibintu bishasha. Inzira nshasha ziriko ziracibwa ngo zikwinjize mu ntango nshasha mu buzima bwawe. Ntutinye ibigatanyika bikuri imbere. Komera kandi ntucike intege, uzogira amahirwe meza.



ISENGESHO RY'UYU MUSI

mi, ndongorera mu nzira nshasha wanteguriye. Uko ntera intambuko mu kwizera n'ukudacika intege, reka intango nshasha, mu kuroranirwa, mu kugira amahirwe bigaragare mu buzima bwanje.



UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kubwo kwizera, ndemezwa neza mu mpwemu yanje ko kugira amahirwe mu buzima ari umugabane wanjye! Uko ndimbura Ijambo ry'Imana, niko nca inzira yanje y'ukuroranirwa. Ndatara kandi ntangaza ko ntunze kurusha amahanga mw'Izina rya Yesu!



**KUNONOSORA
INYIGISHO**

Zaburi 2:8



**GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365 -
UMUSI WA 181**

2 Ingoma 19-20; Ivyakozwe n'Intumwa 24



Igitabo c'Inkuru nziza Buri musi kibahereza imigwi itandukanye y'inyigisho ziyumviriweko kuva kubana bato hamwe n'imiyabaga, bigahrekeza igitabo nyamukuru c'abakuze. Integuro yose itanga Ijambo ry'ubuvugishwa ry'umusi ku musi rivuye mu mutima w'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel, rikashikirizwa mu buryo buvuga ku ntambwe yose y'ubuzima kandi bugahuza umwe wese mu bagize umuryango wose.

Ibi bitabo vyashizwe hamwe neza kugira ngo Ijambo ry'Imana rihinduke rizima mu buryo bworoshe kandi buzana impinduka, bifashe abasomyi gukura mu kwizera, mu gutahura no mu gukura mu vy'impwemu. Intumbero yacu ni ugutuma ukuri kw'Imana gushika mu mutima w'umuntu wese kandi tugafasha imigwi yose abana, imiyabaga, abakuze bigatuma umuntu agendana n'Imana buri musi.



IGITABO C'IMIYABAGA

Kija I bwina kigatanga inyigisho zokemeye, zituma imiyabaga ishobora guhangana n'ibibazo vy'ubuzima ikoresheje ubwenge n'ubushobozi vy'impwemu.

IGITABO C'ABANA

Kigenewe gutanga ivyiyumviro vy'ishimikiro vy'ukwizera, urukundo n'amasezerano y'Imana mu buryo bworoshe kandi buryoshe kandi bufasha imitima y'abakiri bato gutsimbataza ubucuti bukomeye n'Imana no gutuma Bibiliya icika ubuzima.

Imisi yose, uzoronka Ijambo ryawe ry'Ubuuvugishwa ry'Umusi ryanditswe n'Umuvugishwa Uebert Angel, ubutumwa buva ku Mana bwo gukomeza urugendo rwawe n'Imana no kukuyobora mu kubaho wisunze Ijambo ryayo. Ni uburyo bukomeye imiryango ikurira hamwe mu kwizera no kurushiriza gutahura ukuri kw'Imana.

NTIBIGUCIKE!

Tangura kwibonera ububasha buhindura bw'Inkuru nziza ya Buri musi, ubuyobozi bw'ubuvugishwa bugenewe kuduza no gutera intege kira runganwe rwose!





UMWAMI WACU YESU KRISTO

Umwami wacu Yesu Kristo ni we buye ry'imfuruka ry'ukwemera rukristo. Ubuzima bwiwe n'inyigisho ziwe vyaragize ico bikoze cane ku bijanye n'ingene kahise kagenda. Umwami wacu Yesu Kristo azwi cane kubera imbabazi ziwe zitagira uko zingana, ubukerebutsi bwiwe n'ibitangaza yakoze. Ubutumwa bwiwe bwari bushingiye ku rukundo, imbabazi, n'isezerano ry'ubugingo budashira, bugatanga icizigiro n'ugucungurwa ku bamwizera bose. Mu gikogwa ciwe cose, yaragendeye ibihugu vy'i Yudaya, arakiza abarwaye, arahumuriza abagowe, yigisha ivy'ubwami bw'Imana budashira.

Kwakira Yesu Kristo nk'Umwami wawe n'Umukiza wawe bwite bisigura kwemera inyigisho ziwe no gutumira ukubaho kwiwe guhindura mu buzima bwawe. Ni urugendo rugushitsa kuguhazwa mu vy'impwemu, rushingiye ku kwizera, urukundo n'isezerano ry'agakiza.

Biciye mu Mwami wacu Yesu Kristo, turaronka inkomezi, ivyizigiro, n'inzira ijana mu mahoro yamaho. Gukira, canke gukizwa, ni ukwiyegurira Imana no k' umugambi n'intumbero yayo ku buzima bwacu. Ni ukuva mu ngeso za kera tugahindukirira Yesu Kristo, tukamusaba imbabazi z'ibicumuro vyacu, akaduha ubuzima bushasha muri we.

ABAROMA 10:9

"Kuko niwaturisha akanwa yuko Yesu ari Umwami, ukizera mumutima yuko Imana yamuzuye imukuye mubapfuye, uzokizwa."

Agakiza ni ingabire y'Imana ku buntu itugira abana bayo. Ni ukwemererwa mu muryango w'Imana burundu no guhabwa ubushobozi bwo kubaho mu buryo bushitse kandi bw'ukuri, ufise intumbero yo kwerekana Imana ku bindi biremwa vyayo vyose.



WOBA WARAKIRIYE

UMWAMI YESU?

"Kuko umwana w'umuntu yazanywe no kurondera no gukiza icari carazimiye"-Luka 19:10

TURAGUTUMIRIYE KWAKIRA YESU KRISTO NK'UMWAMI W'UBUZIMA BWAVE BICIYE MU GUSENGA RINO SENGESHO

"Mwami Imana, ndaje kuri wewe mw'Izina rya Yesu Kristo. Ndizera n'umutima wanjye wose Yesu Kristo, Umwana w'Imana nzima. Ndizera ko yapfuye kubwanje kandi kw'Imana yamuzuye mu bapfuye. Ndizera ko ari muzima uyu musu. Ndatuye n'akanwa kanje ko Yesu Kristo ari Umwami w'ubuzima bwanjye kuva uyu musu. Biciye muri we no mw'izina ryiwe, ndafise ubuzima budashira, ndavutse ubwa Kabiri"

Urakoze Mwami Mwami gukiza umushaha wanjye!
Ubu ndi umwana w'Imana. Haleluya!"

Turagukeje!
Ubu rero ubaye umwana w'Imana.

Bandanya gukura mu kuguma mw'Ijambo ry'Imana, gusenga buri musu no kugumana ukwizera kwawe gukomeye. Imana ifitaniye nawe urugendo rukomeye cane imbere yawe.

**Kugira ngo ubandanye ukura murugendo rwawe
nk'umukristo, wotwandikira:**

UK: +44 1244 727242 | USA +1 448 877 0344

RSA: +27 872 654 913 | ZWE +263 8677 211 645

WHATSAPP: 0773 195 955

EMAIL: GND@GOODNEWSWORLD.COM





IMIRONGO YA BIBILIYA YO

GU KINGIGWA

Ukikujwe n'ubushobozi bw'Imana, nta kibi cokugwanya cokunesha!

YESAYA 54.

14. Ndakomeye kuko nshinzwe mu bugororotsi. Ndi kure cane yicongwanya cose, ntaco ntinyi! Ibitera ubwoba ntibizonyegera!

15. Nihagira abantera, sinzokwigera nibwira kwari Imana yabarungitse. Kandi nihagira uwuntera, ntaco bizovamwo.

16. Ehe ni Imana irema umucuzi ahuha amakara y'umuvuba, agakuramwo ico kurwanisha kubwo ubuhinga bwiwe; ariko kandi niyo irema umuranduzi wokugeseza.

17. Ariko nta kirwanishwa bacuriye kundwanya kizogira ico kimara; kandi ururimi rwose ruzompagurukira kumburanya, rutsindwa ruboneke ko ruvuga ibinyoma. Ndi umukozi w'Imana kandi ivyo nivy vyonyene nshobora kwitega kandi Imana izobishitsa vyose bimviremwo ivyiza gusa.

Ibi nivy Imana ivuze kuri jewe kandi Ijambo ryayo ntirizonanigwa mw'Izina rya Yesu!

Kugira ngo ubandanye ukura murugendo rwawe nk'umukristo, wotwandikira:

UK: +44 1244 727242 | USA +1 448 877 0344

RSA: +27 872 654 913 | ZWE +263 8677 211 645

WHATSAPP: 0773 195 955

EMAIL: GND@GOODNEWSWORLD.COM





IYEREKWA MPUZAMAKUNGU RIKENERA

UBURYO BW'ABANTU BO KW'ISI YOSE

BA UMUFATANYABIKORWA N'INKURU NZIZA YA BURI MUSI



Buri kwezi, abafatanyabikorwa bacu bitanga baratanga ku buntu kopi z'inkuru nziza ya Buri musi ku bantu bo mu bigo vy'impfuyi, mu mabohero, mu bitaro, mu bigo vy'abageze mu zabukuru, mu mashure, mu bigo vya Leta no mu bindi bibanza vyinshi kw'isi yose. Twararonse intahe zitagira uko zingana z'agakiza, ugukira, ukwibukwa n'Imana, n'ibindi bitangaza vyinshi bivuye kuri iyo nzira yo gukwiragiza kw'isi yose ino nkuru nziza ya buri muni.

Ifatanye natwe ube muri uwo muhari w'Imana w'ubuninahazwa, uhe umuntu impinduka ry'intango nshasha n'icizere gishasha c'ejo.

Kugira ngo ubandanye ukura murugendo rwawe nk'umukristo, wotwandikira:

UK: +44 1244 727242 | USA +1 448 877 0344

RSA: +27 872 654 913 | ZWE +263 8677 211 645

WHATSAPP: 0773 195 955

EMAIL: GND@GOODNEWSWORLD.COM



UBUTUMWA BUMWE

MU NDIMI NYINSHI

KUKO UBUTUMWA BWA KRISTO NTA KARIMBI K'URURIMI BUFISE

Igitabu c'Inkuru nziza ya Buri muni kiriko kirahindura ubuzima kw'isi yose biciye mu gusobanurwa mu ndimi nyinshi zivugwa cane, kigatuma abantu amamiliyoni bashobora kuronka ubumenyi bukiza bwa Yesu Kristo. Mu mahanga no mu mico kama, abantu kw'isi yose bariko barahura n'Ijambo ry'ubuvugishwa kandi bariko barahura n'Imana bigahindura ubuzima bwabo biciye muri iki gitabu.



Igitabu c'Inkuru nziza ya Buri muni kiriko kiramena inzitizi kandi kikavugana n'imitima y'abantu mu rurimi rwabo bwite kavukire. Kuva mu ngo no mu mashure gushika mu mashengero, muri za kaminuza mbere no mu barongozi no mu baperezida, kiriko gishika ku rwego rwose rw'ikibano.

Mu gutwara Ijambo ry'ubuvugishwa ry'Umuvugishwa Uebert Angel mu mahanga yose no mu rurimi rwose, Igitabu c'Inkuru nziza ya Buri muni kiriko kirafasha gushitsa Inshingano Nkuru muri iki gihe.

USHAKA GUSHIGIKIRA KINO GIKOGWA KURIKIRANA URUBUGA GWACU:

KAZE KUMBUGA

NGURUKANABUMENYI ZACU



RONKA VYINSHI UYU MUSI MU GUKWIRIKIRANA URUBUGA GWACU RWA INTERENETI

Kurikirana urubuga rw' Inkuru nziza ya Buri muni kugira ngo uronke ibitabo vy'abantu bakuze, imiyabaga n'abana bato, kimwe cose canditswe neza kugira ngo gikomeze ukwizera kwawe kandi urushirize gutahura Ijambo ry'Imana.

Urubuga kandi rurafise inyigisho zifise ubukerebutsi zivuye ku Muvugishwa n'Imana Uebert Angel, amakuru mashasha ku bintu bishasha bibera mu mugwi ujejwe ibikogwa vyo kwandika inkuru nziza ya buri musi, n'ibintu vyinshi vyagenewe kugufasha gukura no gutera imbere mu bijanye n'ubuzima bwawe bwose.

Waba uriko urarondera ivyiyumviro vya misi yose bigufasha gukura, ihishuriwa ryimbitse, canke uburyo bwo kugumana n'ihanga ry'inkuru Nziza (Good News World) , ivyo ukeneye vyose biraboneka ahantu hamwe ku rubuga rw'inkuru nziza ya buri musi.





Gumana natwe biciye ku mbuga ngurukanabumenyi zacu:
@goodnewsdailydevotional

UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



Nimwifatanye n'umuryango wacu w'abaduteze amatwi kw'isi yose batangura umusi wabo bumviriza Inkuru Nziza ya buri musi. Umviriza Inkuru Nziza y'Umusi kuri Spotify maze ibe umugenzi wawe mu nzira ijana mu gukura mu vy'impwemu no mu kuri kwa Bibiliya biciye mw'ihishurirwa n'inyigisho z'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel.

UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



Turabazanira intahe z'ukuri ku ngaruka Inkuru Nziza ya buri musi yagize kw'isi yose biciye ku muhora wacu wa YouTube. Nk'inyigisho ya buri muni yambere, Inkuru Nziza ya buri musi, yarakoze ku buzima bw'abantu batagira uko bangana, ikwiragiza ubutumwa bw'ivyizigiro, urukundo n'ukwizera. Biciye mu nyigisho zikomeye cane z'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel, igitabu c' Inkuru Nziza ya buri musi caracitse igikoreshe gikomeye c'umuntu wese ku giti ciwe kikazana impinduka, kigatuma abizera bakomera mu rugendo rwabo n'Imana.



SUBSCRIBE NOW

GUMANA NATWE UGUME URI HEJURU

06:00 AM

ALARM FOR TODAY: A LIFE OF PEACE & JOY

**IBUTSWA IMISI YOSE GUSOMA INKURU NZIZA YA
BURI MUSI UCIYE HANO:**

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



IGICE CA 2 | 2026 NDAMUK-GITUG-RUHE

Igitabu c'inkuru nziza ya buri musi ni igitabo cakozwe na Ambassade ya Mpwemu (Spirit Embassy):

Ishengero ry'Inkuru Nziza (Good News Church), risangiza abandi inyigisho z'ubuvugishwa n'amahishurirwa y'Umuwugishwa n'Imana Uebert Angel. Ryyemeje gukwiragiza ubutumwa bwa Yesu Kristo no gukomeza abizera rikoresheje Ijambo ry'Imana.

KUGIRA NGO UMENTE VYINSHI, CANKE UKABA UKENEYE GUSENGERWA, CANKE KWIFATANYA NATWE, RONDERA ISHAMI RYACU RIRI MUGIHUGU IWANYU:

Izina ry'Ishami: SPIRIT EMBASSY BUJUMBURA

Umuntu wobaza: BIGIRIMANA REGIS

Inimero za telephone: +257 61 06 81 40 canke +257 62 30 07 00

Mwotwandikira kuri email: spiritembassyburundi@gmail.com

Aho Dukoranira: TRANSWORLD RADIO, ROHERO AVENUE DE LA JRR
INOMERO 27 (IMPANDE YA MESSE DES OFFICIERS)

Copyright © 2025 by Uebert Angel

All rights reserved.

support@goodnewsworld.com

www.goodnewsworld.com

Mushaka kubaza ibindi canke gutanga intahe yanyu mwotwandikira canke mukadukwirikirana kuri:

gnd@goodnewsworld.com | www.goodnewsdailydevotional.com

Kugira ngo ubandanye ukura murugendo rwawe nk'umukristo, wotwandikira:

UK: +44 1244 727242 | USA +1 448 877 0344

RSA: +27 872 654 913 | ZWE +263 8677 211 645

WHATSAPP: 0773 195 955

EMAIL: GND@GOODNEWSWORLD.COM





For further information on how to
grow as a Christian, please get in
touch with us at:

UK: +44 3333 448 612
USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209
ZWE +263 773 195 955

gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com

**SCAN FOR YOUR
FREE DOWNLOAD**

